



PANDHUAN  
UNGGAH-UNGGUH BASA

# KRAMA ALUS LAN NGOKO ALUS

Siji-Sijine Pandhuan  
Bahasa Jawa Kang  
Obyektif, Jelas Lan Singkat

**Puguh Ismail**

  
**Pena Indis**  
PENERBIT DAN PERCETAKAN  
CV. PENA INDIS  
2019



PANDHUAN  
UNGGAH-UNGGUH BASA

# KRAMA ALUS LAN NGOKO ALUS

Siji-Sijine Pandhuan  
Bahasa Jawa Kang  
Obyektif, Jelas Lan Singkat



Puguh Ismail

# KRAMA ALUS LAN NGOKO ALUS

**Penulis:**

Puguh Ismail

**ISBN:**

978-602-429-173-0

**Ukuran Buku:**

14 x 20

**Tebal Buku:**

124 halaman

**Editor:**

Nitha Ayesha  
Achmad Muzani

**Desain Sampul:**

Fandy Said

**Tata Letak:**

Fandy Said

**Cetakan:**

Pertama:

Mei 2019

Diterbitkan Oleh:



CV. Pena Indis

Jalan Bitoa Lama No. 105

Kel. Antang, Kec. Manggala

Makassar - Sulawesi Selatan 90234

No. Hp: 082241605672

Email: [penerbit@penaindis.online](mailto:penerbit@penaindis.online)

Dicetak Oleh:



Dukuh Sembir Tengah RT 1 / RW 6

Desa Sidomukti, Kec. Adimulyo

Kab. Kebumen - Jawa Tengah 54363

No.Hp: 082360961440

Email: [percetakan@penaindis.online](mailto:percetakan@penaindis.online)

## **SANKSI PELANGGARAN UNDANG-UNDANG TENTANG HAK CIPTA NOMOR 19 TAHUN 2002**

- (1) Barangsiapa dengan sengaja dan tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dalam Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling singkat 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp 1.000.000,00 (satu juta rupiah), atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp 5.000.000.000,00 (lima miliar rupiah).
- (2) Barangsiapa dengan sengaja menyebarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu Ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1) dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 (lima) tahun dan/atau denda paling banyak Rp 500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).
- (3) Barangsiapa dengan sengaja dan tanpa hak memperbanyak penggunaan untuk kepentingan komersial suatu Program Komputer dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 (lima) tahun dan/atau denda paling banyak Rp 500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).

# PURWANING ATUR

Puja lan puji syukur katur dhateng Gusti Inggang Maha Agung, inggang sampun paring berkah, rahmah, saha hidayahipun dhumateng kita, sahingga saged kasusun *Buku Pandhuan Unggah Ungguh Basa Krama Alus lan Basa Ngoko Alus* menika.

Kanthe buku menika, kaangkah para siswa saged gampil anggenipun nampi pemahaman bab Basa Ngoko Alus punapa dene Basa Krama Alus inggang tundhanipun para siswa saged gampil lan wasis anggenipun ngracik ukara-ukara Basa Ngoko Alus punapa dene Basa Krama Alus. Ing pangangkah mugi-mugi para siswa wasis anggenipun damel ukara-ukara Basa Krama Alus sarta saged ngginakaken Basa Krama wonten ing pawiyatan punapa dene wonten ing dalem lan ugi wonten masyarakat. Amin.

Kula ngglenggana, awit saking sedaya kekirangan ing salebeting ngrakit buku *Pandhuan Unggah-Ungguh Basa* punika, panyerat kanthe andhap asoring manah nyuwun panyaruwe saking sinten kemawon katampi kanthe tulus saha bingahing manah murih pamrayoginipun buku punika lan kula aturaken agunging panuwun.

Nuwun.

**Kebumen, Februari 2019**

**Penulis**

# DHAPTAR ISI

Purwaning Atur .....	v
Dhaptar Isi .....	vi
1. BAB I: Unggah – Ungguh Basa Jawa Bab	
Basa Ngoko Alus.....	1
A. Pembahasan Umum .....	1
B. Pembahasan Utama.....	4
2. BAB II: Unggah – Ungguh Basa Jawa Bab	
Krama Alus.....	27
Bedane Basa Ngoko Alus lan Basa Krama	
Alus .....	28
3. BAB III: Basa Ngoko digawe Basa Krama .....	44
4. Unggah – Ungguh Basa Krama Andhap .....	60
5. Tembung-Tembung Pendukung	
Unggah – Ungguh Basa Ngoko Alus	
Lan Krama Alus .....	64
6. Tuladha Latihan Soal.....	100
7. Tuladha Ukara-ukara Basa Krama Alus lan	
Basa Ngoko Alus.....	104
8. Dhaptar Pustaka .....	117
9. Biografi Penulis.....	118

# BAB I

## UNGGAH-UNGGUH BASA JAWA

### BAB NGOKO ALUS

#### A. Pembahasan Umum

Basa iku minangka sarana kanggo sesambungan (komunikasi) kanggo nglantarake marang sawijining maksud utawa keparepan marang wong sing diajak guneman. Basa uga dadi sarana kanggo nglairake pangunek-unek kanthi cara nulis utawa ngomong. Mula anggone nggunakake basa kudu trep ora kena tumpang suh, kudu mangerteni marang sapa sing diajak guneman, ngerti empan, papan lan kudu duwe rasa pangrasa marang sing diajak guneman. Mula basa iku duweni unggah-ungguh. Unggah-ungguh basa tegese trap-trapaning basa, mapan lan empaning basa utawa tata kramaning basa kang kanggo guneman kanggo wong liya.

Unggah-ungguh basa sok molak-malik dene sing njalari owahe mau amarga kaanane sing padha guneman utawa sing digunem beda-beda, yaiku beda umur-umarane, drajat utawa keluhurane lan sapanunggalane.

Jenis unggah-ungguh Basa Jawa kang disinaoni ing pawiyatan SD/SMP/MTs/SMA/SMK/ Lsp. ana 4 jenis, yaiku:

1. Basa Ngoko Lugu
2. Basa Ngoko Alus
3. Basa Krama Lugu
4. Basa Krama Alus

**Jenis tembung kang digunakake ing pembahasan iki:**

1. Tembung-tembung Basa Ngoko
2. Tembung-tembung Basa Krama Madya
3. Tembung-tembung Basa Krama Inggil

**Katrangan Basa Ing Dhuwur:**

1. Basa Ngoko Lugu yaiku basa kang nggunakake Basa Ngoko kabeh.
2. Basa Ngoko Alus yaiku basa kang nggunakake Basa Ngoko dicampur Basa Krama Inggil.
3. Basa Krama Lugu yaiku basa kang nggunakake Basa Krama Madya kabeh.
4. Basa Krama Alus yaiku basa kang nggunakake Basa Krama Madya dicampur Basa Krama Inggil.

**Kegunaane Jenis-Jenis Basa Ing Dhuwur:**

1. Basa Ngoko Lugu digunakake:
  - a. Simbahe marang putune.
  - b. Bapak utawa ibu marang putrane.
  - c. Bocah marang bocah kang durung dewasa.
  - d. Mbakyune utawa mase marang adhine.
2. Basa Ngoko Alus digunakake:
  - a. Wong tuwa marang wong tuwa liyane kang wis akrab.
  - b. Ibu marang bapakke (garwane).
  - c. Wong kang wis dhewasa marang kanca kang wis dhewasa liyane.
  - d. Wong kang luwih enom marang wong kang lewih tuwa kang wis akrab.
3. Basa Krama Lugu digunakake:
  - a. Wong kang agi nyritakake kahanan keluargane dhewek, kewan ingo-ingone, utawa uga wit-witan tandurane dhewek marang wong liya ing ragam Basa Krama.



- b. Wong kang agi nyritakake awake dhewek marang wong liya, nggunakake Basa Krama.
- 4. Basa Krama Alus digunakake:
  - a. Bocah marang wong tuwa.
  - b. Muride marang gurune.
  - c. Wong kang wis dhewasa marang wong dhewasa liyane kang durung akrab.
  - d. Kuli marang bendharane.

**Tuladha Unggah-Ungguh Basa Ing Dhuwur:**

- 1. Basa Ngoko Lugu  
Tuladha:
  - a. Aku wis maem ing ngumah mau esuk.
  - b. Kowe bocah cilik kudu manut wong tuwa.
- 2. Basa Ngoko Alus  
Tuladha:
  - a. Apa panjenengan daleme Kebumen?
  - b. Apa panjenengan wis tindak maring Petanahan?
- 3. Basa Krama Lugu
  - a. Kula wau sampun nedha teng griya.
  - b. Kula wangsul saking Jakarta wau enjing.
- 4. Basa Krama Alus  
Tuladha:
  - a. Punapa panjenengan sampun dhahar?
  - b. Punapa panjenengan siyos tindak dhateng Petanahan?

**Tetembungan kang digunakake ing tuladha dhuwur:**

<b>Tembung Basa Ngoko</b>	<b>Tembung Krama Madya</b>	<b>Tembung Krama Inggil</b>
aku wis	kula sampun	kawula sampun

maem	nedha	dhahar
ing	teng	teng
umah	griya	dalem
-e	-ipun	-ipun
Budi	Budi	Budi
lunga	kesah	tindak
menyang/maring	dhateng	dhateng
pasar	peken	peken
petanahan	petanahan	petanahan

## B. Pembahasan Utama

Kanthi katrangan ing ngarep iku, ing pandhuan unggah-ungguh basa iki arep dibahas bab Basa Ngoko Alus lan Basa Krama Alus kanthi adedhasar Basa Ngoko. Basa Ngoko kang dimaksud, yaiku: kabeh basane Basa Ngoko. Basa iki biyasa digunakake marang bocah karo bocah kang durung ngerti unggah-ungguh basa. Basa kang kanggo awake dhewek (orang I) lan uga wong liya (orang II utawa III), kabeh nganggo basa ngoko.

### 1. Basa Ngoko Alus

#### Katrangan lan penjelasan bab Basa Ngoko Alus

Kang diarani Basa Ngoko Alus yaiku: Basa kang nggunakake Basa Ngoko dicampur Basa Krama Inggil (kanggo wong liya: ( orang II utawa III) ing bab: 1. Kata Ganti, 2. Kata Aktivitas, 3. Kata Kepemilikan), dene Ater-ater, seselan lan panambange basa ngoko.

### Unsur-Unsur Pokoke Basa Ngoko Alus:

#### 1. Kata Gantine

Jenise kata ganti Orang ana telu, :

- a. Kata ganti orang I
- b. Kata ganti orang II

c. Kata ganti orang III

Jenis Kata Ganti	Jenis Tembung		
	Tembung Ngoko	Tembung Krama Madya	Tembung Krama Inggil
Orang I	Aku	Kula	Kawula
Orang II	Kowe	Sampeyan	Panjenengan
Orang III	Dheweke	Piyambakipun/ Panjenenganipun	Piyambakipun/ Panjenenganipun

Tuladha Jenis Kata Ganti Orang ing ukara dhuwur:

1. Ngoko : Aku ing pasar mau esuk.  
 Ngoko Lugu : Aku ing pasar mau esuk.  
 Keterangan : **Aku** jenis Kata Ganti Orang I, mulane aku ajeg (ngoko). Amarga basa ing ukara kasebut nggunakake Basa Ngoko kabeh mula basa iku jenenge Basa Ngoko Lugu.
  2. Ngoko : Kowe ing pasar mau esuk.  
 Ngoko Alus : Panjenengan ing pasar mau esuk.  
 Keterangan :  
**Kowe** jenis kata ganti orang II, mulane diganti dadi **panjenengan** (Basa Krama Inggil)
  3. Ngoko : Dheweke ing pasar mau esuk.  
 Ngoko Alus : Panjenengane ing pasar mau esuk.  
 Keterangan :  
**Deweke** jenis Kata Ganti Orang III, mula dheweke diganti dadi **panjenengane** (krama inggil)
2. **Kata Aktivitase**  
 Tuladha tembung-tembung Aktivitas:

<b>Tembung Ngoko</b>	<b>Tembung Krama Madya</b>	<b>Tembung Krama Inggil</b>
lunga	kesah	tindak
bali	wangsul	kondur
maem	nedha	dhahar
adus	adus	siram
turu	tilem	sare
ngomong	micanten	ngendika
lsp	.....	.....

Tuladha ukara kang nggunakake tembung Aktivitas:

1. Basa Ngoko : Wingi aku **lunga** pasar.  
Basa Ngoko Alus : Wingi aku **lunga** pasar.
2. Basa Ngoko : Mas Kardi agi **kandha** karo  
Mas Karno  
Ngoko Alus : Mas Kardi agi **ngendika** karo Mas  
Karno.

### 3. Kata Kepemilikan

Tuladha tembung-tembung Kepemilikan

	<b>Tembung Ngoko</b>	<b>Tembung Krama Madya</b>	<b>Tembung Krama Inggil</b>
Tembung Kata ganti kepemilikan lan ater-ater	ku	kula	kawula
	mu	sampeyan	panjenengan
	dak	kula	kawula
	kok	sampeyan	panjenengan

Tuladha ukara kang nggunakake Tembung- Tembung Kepemilikan ing dhuwur :

1. Ngoko : Umahku ing Desa Sitiadi.  
Ngoko Lugu : Umahku ing Desa Sitiadi.  
Keterangan :  
**umahku** jenis Tembung Kepemilikan Orang I,  
mulane **ajeg ngoko**, ora dadi Krama Inggil

2. Ngoko : **Umahmu** ing Desa Sitiadi.  
 Ngoko Alus : **Dalem panjenengan** ing Desa Sitiadi.  
 Keterangan :  
**umahmu** jenis Tembung Kepemilikan Orang II, mulane umahmu dadi **dalem panjenengan** (krama inggil)
3. Ngoko : Bukumu kang ana meja wis dak jupuk wingi sore.  
 Ngoko Alus : Buku Panjenengan kang ana meja wis dak jupuk wingi sore.  
 Keterangan :  
**Dak** mujudake Kata Ganti Orang I mulane **ajeg ngoko**
4. Ngoko : Apa gelase ing lemari wis kok jupuk?  
 Ngoko Alus : Apa gelase ing lemari wis panjenengan pundhut?  
 Keterangan :  
**Kok** mujudake jenis Kata Ganti Orang II mulane kok dadi **panjenengan** (krama inggil).

Tuladha tembung/kata Kepemilikan:

Tembung Ngoko	Tembung Krama Madya	Tembung Krama Inggil
umah tangan jeneng anak ati lsp	griya tangan nama anak manah ....	dalem asta asma putra penggalih ....

Saka penjelasan Unsur-unsur pokok basa, Basa Ngoko Alus lan Basa Ngoko Lugu ing duwur bisa disimpulake, yen 3 unsur

pokok basa iku , yaiku: 1.Tembung Kata Ganti, 2. Tembung Aktivitas lan 3. Tembung Kepemilikan, dadi penentu Unggah Ungguh Basa iki. Bisa lan orane Basa Ngoko iku digawe Basa Ngoko Alus utawa Basa Ngoko Lugu, lan uga yen arep digawe Basa Krama Alus utawa Basa Krama Lugu, gumantung saka jenis unsur-unsur pokok basa kasebut.

### Jenis Tembung-Tembung Liyane

Kang dimaksud **jenis tembung-tembung Liyane** yaiku: tembung tembung sakliyane 1. Kata Ganti 2. Kata Aktivitas 3. Kata Kepemilikan, utawa kabeh tembung-tembung ing ukara iku kang dudu 1. Kata Ganti, 2. Kata Aktivitas 3. Kata Kepemilikan

Tuladha :

1. Basa Ngoko : Kowe ing Karangbolong wingi sore.  
Basa Ngoko Alus : Panjenengan ing Karangbolong wingi sore.

Penjelasan tuladha ukara ing dhuwur:

**kowe** jenis Kata Ganti Orang II, mulane dadi **panjenengan** (krama inggil).

**Ing, Karang Bolong, wingi sore = jenis tembung-tembung liyane** (ajeg ngoko)

2. Basa Ngoko : Kowe maem roti ing warung Karang Bolong wingi sore.  
BasaNgoko Alus : Panjenengan dhahar roti ing warung Karang Bolong wingi sore.

Penjelasan tuladha ukara ing dhuwur:

**Kowe** jenis Kata Ganti Orang II, mulane dadi **panjenengan** (krama inggil).

**Maem** jenis Aktivitase orang II, mulane dadi **dhahar** (krama inggil).

**Ing, Karang Bolong, wingi sore = jenis tembung tembung liyane** (ajeg ngoko).

3. Basa Ngoko : Rudhi maem roti ing warung  
Karang Bolong wingi sore.

Basa Ngoko Alus : Rudhi dhahar roti ing warung  
Karang Bolong wingi sore.

Penjelasan tuladha ukara ing dhuwur:

maem jenis aktivitase orang III, mulane maem dadi  
dhahar (krama inggil)

**Ing, Karang Bolong, wingi sore = jenis tembung-  
tembung liyane (ajeg ngoko)**

## 5. Ater-Ater, Panambang lan Seselan

### a. Ater-Ater (*Prefix*)

Ater-ater yaiku tambahan ing sangarepe tembung.

Tuladha ater-ater:

**di** + tulis = ditulis (ngoko), **di** + tendhang = ditendhang  
(ngoko)

dipunserat (Krama), dipuntendhang (Krama)

### b. Panambang (*Suffix*)

Panambang yaiku tambahan saburine tembung.

Tuladha panambang :

umah + **e** = umahe (ngoko), tendhangane (ngoko)

griyanipun (krama madya),

tendhanganipun (Krama Madya)

dalemipun(krama inggil), tendhanganipun (Krama  
Inggil)

### c. Seselan (*Infix*)

Seselan **in** lan **um**

Seselan yaiku: tambahan ing tengahing tembung.

Tuladha:

tulis + seselan: - **in** - = Tinulis (Ngoko), sinerat  
(Krama)

laku + seselan: - **um** - = Lumaku (Ngoko), Lumampah  
(Krama)

**Tuladha Ater-Ater, Panambang lan Seselan kang digunakake ing Basa Ngoko, Ngoko Alus lan Basa Krama.**

<b>Tembung Ngoko</b>	<b>Tenbung Ngoko Alus</b>	<b>Tembung Krama</b>	<b>Kanggo Wong : I, II utawa III</b>
ditulis	ditulis	dipunserat	I
ditulis	diserat	dipunserat	II & III
ditulisake	ditulisake	dipunserataken	I
ditulisake	diseratake	dipunserataken	II & III
diwenehake	diwenehake	dipunsukakaken	I
diwenehake	diparingake	dipunparingaken	II & III
diwenehi	diwenehi	dipunsukani	I
diwenehi	diparingi	dipunparingi	II & III
ditukokake	ditukokake	dipuntumbasaken	I
ditukokake	dipun dhutake	dipunpundhutaken	II & III
umahe	umahe	griyanipun	I
umahe	daleme	dalemipun	II & III
lungane	lungane	kesahipun	I
lungane	tindake	tindakipun	II & III
baline	baline	wangsulipun	I
baline	kondure	konduripun	II & III
anake	anake	anakipun	I
anake	putrane	putranipun	II & III
tangane	angane	tanganipun	I
tangane	astane	astanipun	II & III
dikandhani	dikandhani	dipuncariyosi	I
dikandhani	dingendikani	dipunngendikani	II & III
dipangan	dipangan	dipun tedha	I
dipangan	didhahar	dipun dhahar	II & III
ditendhang	ditendhang	dipun tendhang	I, II & III
ditendhangake	ditendhangake	dipun tendhangaken	I, II & III
dithuthuk	dithuthuk	dipun thuthuk	I, II & III
ditekani	ditekani	dipun dhatengi	I
ditekani	dirawuhi	dipun rawuhi	II & III
lumaku	lumaku	lumampah	I
lumaku	tumindak	tumindak	II & III



tinampa	tinampa	tinampi	I
tinampa	tinampi	tinampi	II & III
tinulis	tinulis	sinerat	I
tinulis	sinerat	sinerat	II & III
jupukake/ jiyotake	jupukake/ jiyotake	pendhetaken	I
jupukake/ jiyotake	pundhutake	pundhutaken	II & III
gagahing	gagahing	gagahipun	I,II & III
dak jupuk/tak jiyot	kula pendhet	kula pendhet	I

Tuladha ukara-ukara kang nggunakake Ater-ater, seselan Panambang kasebut ing dhuwur.

<b>Tembung</b>	<b>Ing ukara:</b>
ditulis	<b>Basa Ngoko</b>
	Iklane wis <u>ditulis</u> marang aku. Iklane wis <u>ditulis</u> marang Pak Budi. Iklane wis <u>ditulis</u> marang kowe
	<b>Basa Ngoko Alus</b>
	Iklane wis ditulis marang aku. Iklane wis diserat marang Pak Budi. Iklane wis diserat marang panjenengan
	<b>Basa Krama</b>
	Iklanipun sampun dipunserat dhateng kula. Iklanipun sampun dipunserat dhateng Pak Budi. Iklanipun sampun dipunserat dhateng panjenengan.
dimaem	<b>Basa Ngoko</b>
	Rotine dimaem aku wingi sore. Rotine dimaem kowe wingi sore. Rotine dimaem Pak Budi wingi sore.
	<b>Basa Ngoko Alus</b>

	Rotine dimaem aku wingi sore. Rotine didhahar panjenengan wingi sore. Rotine didhahar Pak Budi wingi sore.
	<b>Basa Krama</b>
	Rotinipun dipuntedha kula wingi sonten. Rotinipun dipundhahar panjenengan wingi sonten. Rotinipun dipundhahar panjenengan wingi sonten.

Unsur pokoke wong guneman utawa pacelathon iku ana 3 unsur, yaiku :

1. Wong sing gunem utawa cerita (orang I).
2. Wong sing diajak guneman utawa diajak crita (orang II).
3. Wong sing dicritakake ing guneman utawa ing pacelathon iku (orang III).

Ing ngarep wis dijelasna yen Basa Ngoko Alus iku kabeh basane ngoko, ananging unsur-unsur pokok basane, kang kanggo wong liya( orang II utawa III), nggunakake Basa Krama Inggil. Dene kang dimaksud **unsur-unsur pokok basa ing Unggah Ungguh Basa iki, yaiku:** 1. Jenis tembung Kata Gantine, 2. tembung Aktivitas lan 3. tembung Kepemilikane, ing sawijining basa. Bisa lan orane Basa Ngoko digawe dadi Basa Ngoko Alus utawa Basa Ngoko lugu iku gumantung saka unsur-unsur pokok basane. Yen unsur-unsur pokok basane iku kanggo wong liya, merga nyritakake wong liya (orang II utawa III), bisa salah siji unsure

utawa kabeh unsur unsur pokok basane kanggo wong liya mula Basa Ngoko iku bisa digawe dadi Basa Ngoko Alus. Ananging sewalike yen usur-unsur pokok basane kanggo awake dhewek, merga nyritakake awake dhewek( orang I), mula Basa Ngoko iku bisane digawe dadi Basa Ngoko Lugu,

**Jenis Tembung-Tembung Liyane ing Basa Ngoko Alus nggunakake Basa Ngoko, ater, seselan lan panambange uga nggunakake Basa Ngoko.** Kanggo lewih jelase simakana tuladha-tuladha analisis basa Ngoko Alus ana ing ngisor iki.

Analisis proses Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus.

Tuladha 1

Basa Ngoko	Kowe ing Karang Bolong wingi sore.
Proses analisis Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus:	
1. Kata Ganti	Kata Ganti Org II: - kowe                   ⇒ panjenengan (dadi krama inggil)
2. Kata Aktivitas	-
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	ing, Karang Bolong, wingi, sore                   ⇒ ing, Karang Bolong, wingi, sore (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Alus :	
Basa Ngoko Alus	Panjenengan ing Karang Bolong wingi sore.

### Tuladha 2

Basa Ngoko	Rudi maem roti ing Karang Bolong wingi sore.
Proses analisis Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus :	
1. Kata Ganti	-
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Orang III - maem                      ⇨ dhahar (dadi krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	roti, ing, Karang Bolong, wingi, sore                      ⇨ roti, ing, Karang Bolong, wingi, sore. (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Alus :	
Basa Ngoko Alus	Rudi dhahar roti ing Karang Bolong wingi sore

### Tuladha 3

Basa Ngoko	Apa umahmu ing desa Sitiadi?
Proses analisis Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus:	
1. Kata Ganti	-
2. Kata Aktivitas	-
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan Org II: - umahmu                      ⇨ dalem panjenengan (dadi krama inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	apa, ing, desa, Sitiadi                      ⇨ apa, ing, desa, Sitiadi (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Alus :	
Basa Ngoko Alus	Apa dalem panjenengan ing desa Sitiadi?

Tuladha 4

Basa Ngoko	Apa kowe wis bali wektu ana udan ?	
Proses analisis Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus:		
1. Kata Ganti	Kata Ganti Org II: - kowe	⇒ panjenengan (dadi krama inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Org II : - bali	⇒ kondur (dadi krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	-	
4. Jenis Tembung Liyane	apa, wektu, ana, udan, wis	apa, wektu, ana, udan, wis (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Alus :		
Basa Ngoko Alus	Apa panjenengan wis kondur wektu ana udan?	

Tuladha 5

Basa Ngoko	Ngesuk aku arep lunga menyang umahe Tuti.	
Proses analisis Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus:		
1. Kata Ganti	Kata Ganti Orang I - aku	⇒ aku (ajeg ngoko)
2. Kata Aktivitas	Jenis aktivitas org I - lunga	⇒ lunga (ajeg ngoko)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan org III - umahe	⇒ daleme (dadi krama inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	ngesuk, menyang	ngesuk, arep, menyang (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Alus :		
Basa Ngoko Alus	Ngesuk aku arep lunga maring daleme Tuti.	

### Tuladha 6

Ngoko	Apa kowe sida lunga menyang umahe Budi?
Proses analisis Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus:	
1. Kata Ganti	Kata Ganti Orang II - kowe ⇒ panjenengan (dadi krama inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Orang II - lunga ⇒ tindak (dadi krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan Org II - umahe ⇒ daleme (dadi krama inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	apa, sida, menyang ⇒ apa, sida, menyang (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Alus :	
Basa Ngoko Alus	Apa panjenengan sida tindak menyang daleme Budi?

### Tuladha 7

Basa Ngoko	Nangapa kowe ora sida maem ing umahku?
Proses analisis basa, Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus:	
1. Kata Ganti	Kata Ganti Org II : - kowe ⇒ panjenengan (dadi krama inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Orang II - maem ⇒ dhahar (dadi krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan Org I - umahku ⇒ umahku (ajeg ngoko)

4. Jenis Tembung Liyane	nangapa, ora, sida, ing	nangapa, ora, ⇒ sida, ing (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Alus :		
Basa Ngoko Alus	Nangapa panjenengan ora sida dhahar ing umahku?	

### Tuladha 8

Basa Ngoko	Apa bukumu sing keru ing umahe Budi wis kok jupuk?	
Proses analisis basa, Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus:		
1. Kata Ganti	Kata Ganti Orang II (wujude ater2 kok) - kok	⇒ panjenengan (dadi krama inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Orang II - jupuk	⇒ pundhut (dadi krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	Kepmilikan org III: - umahe	⇒ daleme (dadi krama inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	apa, sing, keru, ing, wis	apa, sing, keru, ⇒ ing, wis (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Alus :		
Basa Ngoko Alus	Apa buku panjenengan sing keru ing daleme Budi wis panjenengan pundhut?	

### Tuladha 9

Basa Ngoko	Ana cerita lucu, rikala kowe lunga menyang umahku, aku agi lunga menyang umahe Budi, lan Budi agi lunga menyang umahmu, akhire aku, kowe, lan Budi ora bisa ketemu ing wektu iku.
Proses analisis Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus:	

1. Kata Ganti	Kata Ganti Orang I: - aku                   ⇒ aku (ajeg ngoko) Kata Ganti Orang II : - kowe                  ⇒ panjenengan (dadi krama inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Orang I: - lunga               ⇒ lunga (ajeg ngoko) Aktivitas Orang II: - lunga               ⇒ tindak (dadi krama inggil) Aktivitas Orang III : - lunga               ⇒ tindak (dadi krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan Orang I : - umahku              ⇒ umahku (ajeg ngoko) Kepemilikan Orang II : - umahmu             ⇒ dalem panjenengan (dadi krama inggil) Kepemilikan Orang III - umahe Budi         ⇒ daleme Budi (dadi krama inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	ana, cerita, lucu, rikala, menyang, agi, lan, akhire, ora, bisa, ketemu, ing, wektu, iku                      ⇒ ana, cerita, lucu, rikala, menyang, agi, lan, akhire, ora, bisa, ketemu, ing,wektu, kuwe (ajeg ngoko)
<b>Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Alus :</b>	
Ngoko Alus	Ana crita lucu,rikala panjenengan tindak menyang umahku, aku agi lunga menyang daleme Budi, lan Budi agi tindak menyang dalem panjenengan, akhire aku, panjenengan lan Budi ora bisa ketemu ing wektu iku.

**Katrangan :**

Wis dijelasna ing ngarep, yen Basa Ngoko Alus iku unsur-unsur pokok basane kanggo wong liya ( orang II utawa III),



amarga nyritakake wong liya, mula nggunakake Basa Krama Inggil. Ananging sewalike, yen ing Basa Ngoko Lugu, unsur-unsur pokok basane kanggo awake dhewek (orang I), merga nyritakake awake dhewek, mula unsur pokok basane nggunakake Basa Ngoko. Kejaba yen unsur-unsur pokok basane kanggo awake dhewek, uga yen kanggo kewan, tetanduran utawa alam. Lan Jenis Tembung-Tembung Liyane, ater-ater, seselan lan panambange ing Basa Ngoko Lugu uga nggunakake Basa Ngoko. Kanggo lewih jelase simakana tuladha-tuladha analisis proses basa, Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Lugu, ing ngisor iki:

#### Tuladha 10

Basa Ngoko	Aku ing Karang Bolong wingi sore.
Proses analisis basa,Basa Ngoko:	
1. Kata Ganti	Kata ganti org I : - aku ⇒ aku (ajeg ngoko)
2. Kata Aktivitas	-
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	ing, Karang Bolong, wingi, sore ⇒ ing, Karang Bolong, wingi, sore (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Lugu :	
Basa Ngoko Lugu	Aku ing Karang Bolong wingi sore.

#### Tuladha 11

Basa Ngoko	Aku bali saka Jakarta wingi sore.
Proses analisis basa,Basa Ngoko:	
1. Kata Ganti	Kata ganti orang I : - aku ⇒ aku (ajeg ngoko)
2. Kata Aktivitas	Kata Aktivitas org I - bali ⇒ bali (ajeg

	ngoko)
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	saka, Jakarta, wingi, sore ⇒ saka, Jakarta, wingi, sore (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Lugu :	
Basa Ngoko Lugu	Aku bali saka Jakarta wingi sore.

### Tuladha 12

Basa Ngoko	Aku maem roti ing umahku.
Proses analisis basa, Basa Ngoko:	
1. Kata Ganti	Kata ganti orang I : - aku ⇒ aku (ajeg ngoko)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Orang I : - maem ⇒ maem (ajeg ngoko)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan Org I - umahku ⇒ umahku (ajeg ngoko)
4. Jenis Tembung Liyane	roti, ing ⇒ roti, ing (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Lugu :	
Basa Ngoko Lugu	Aku maem roti ing umahku.

### Tuladha 13

Basa Ngoko	Kucing sing ireng agi mangan gesek ing pawon.
Proses analisis basa, Basa Ngoko:	
1. Kata Ganti	-
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Kewan : - mangan ⇒ mangan (ajeg ngoko)
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung	kucing, sing ⇒ kucing, sing

Liyane	ireng,agi, gesek, ing, pawon	ireng,agi, gesek, ing, pawon (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Ngoko Lugu :		
Basa Ngoko Lugu	Kucing sing ireng agi mangan gesek ing pawon.	

#### Tuladha 14

Basa Ngoko	Anake kucing ireng sing wingi lara saiki wis mari, wis bisa mangan dhewek, bisa mlaku-mlaku lan ngumbe dhewek.	
Proses analisis basa, Basa Ngoko:		
1. Kata Ganti	-	
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Kewan : -mangan -mlaku-mlaku -ngumbe	⇒ mangan ⇒ mlaku-mlaku ⇒ ngumbe (ajeg ngoko)
3. Kata Kepemilikan	kepemilikan kewan : -anake	⇒ anake (ajeg ngoko)
4. Jenis Tembung Liyane	sing, wingi, kucing ireng, lara, siki, wis, mari, dhewek, bisa, lan	⇒ sing, wingi, kucing, ireng, lara, siki, wis, dhewek, bisa, bisa, lan, (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadine Basa Ngoko Lugu :		
Basa Ngoko Lugu	Anake kucing ireng sing wingi lara siki wis mari, wis bisa mangan dhewek, bisa mlaku-mlaku lan ngumbe dhewek.	

## Tuladha 15

Basa Ngoko	Kahanan Alas Roban ing wayah bengi katon sepi njejet, sing mlaku-mlaku paling kodhok lan anak-anakke, precil kang agi golet pangan, swarane kang pating kemrosok iku merga gegodhongan kang kena angin, lan uga memedi genderuwo kang mlaku-mlaku golet pangan karo ngomong-ngomong kang swarane meden-medeni bok menawa ora ana.	
Proses analisis basa, Basa Ngoko:		
1. Kata ganti	-	
2. Kata aktivitas	<p>Jenis tembung Aktivitase Kewan, Tetanduran, Makhhluk Ghaib :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- mlaku-mlaku</li> <li>- golet</li> <li>- ngomong</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>⇨ mlaku-mlaku</li> <li>⇨ golet,</li> <li>⇨ ngomong (ajeg ngoko)</li> </ul>
3. Kata kepemilikan	<p>Jenis Kepemilikan Kewan, Tetanduran, Makhhluk Ghaib :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- swarane</li> <li>- anak-anakke</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>⇨ swarane</li> <li>⇨ anak-anakke (ajeg nook)</li> </ul>
4. Jenis tembung tembung liyane	<p>kahanan, Alas Roban ing, wayah, bengi, katon, sepi, njejet, yen, ana, sing, paling, kodhok, lan precil, kang, agi, pangan, pating, kemrosok, merga, gegodhongan, kena, angin, lan, mbok, menawa, ora, ana, memedi, genderuwo, pangan, utawa, meden-medeni.</p>	<p>kahanan, Alas Roban ing, wayah, bengi, katon, sepi, njejet, yen, ana, sing, paling, kodhok, lan, precil, kang, agi, pangan, pating, kemrosok, merga, gegodhongan, kena, angin, lan, mbok, menawa, ora, ana,</p>

	memedi, genderuwo, pangan, utawa, kang,meden- medeni. (ajeg ngoko)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadine Basa Ngoko Lugu :	
Basa Ngoko Lugu	Kahanan Alas Roban ing wayah bengi katon sepi njejet, sing mlaku-mlaku paling kodhok lan anak-anakke, precil kang agi golet pangan, swarane kang pating kemrosok iku merga gegodhongan kang kena angina,lan uga memedi genderuwo kang mlaku-mlaku golet pangan karo ngomong-ngomong kang swarane meden-medeni bok menawa ora ana.

**Katrangan maksud lan tujuan panganggone Basa Ngoko Alus lan Basa Ngoko Lugu:**

Panganggone Basa Ngoko Alus lan Basa Ngoko Lugu ing paguneman utawa omong-omongan kang nggunakake ragam Basa Ngoko iku duweni maksud lan tujuan. Dene maksud lan tujuane nggunakake Basa Ngoko Alus, yaiku kanggo ngormati lan ngajeni wong liya kang diajak guneman. Amarga kanthi nggunakake Basa Ngoko Alus tumrap masyarakat Jawa iki wis dianggep(ngrumangsa) ngormati utawa ngajeni wong liya(oang II utawa III). Dene wong kang nggunem/cerita(orang I) nggunakake Basa Ngoko Lugu iku minangka tanda keluguan, utawa kesederhanaan diri, amarga wis dadi kulina utawa tradisine wong Jawa yen seneng lan nduweni perilaku kang sederhana (apa anane), ora seneng mbombong awake dhewek, lan ora sombong. Tatanan panganggone Basa Ngoko Alus lan basa Ngoko Lugu ing ragam Basa Ngoko iki , uga digunakake ing tatanan ragam Basa Krama. Kanggo wong liya(orang II utawa III) nggunakake Basa Krama Alus, dene yen kanggo awake dhewek(orang I)

nggunakake **Basa Krama Lugu. Basa Ngoko Alus lan Basa Ngoko Lugu** digunakake bebarengan yen wong kuwe agi pada **guneman nggunakake ragam Basa Ngoko**. Basa Ngoko Alus yen wong kuwe agi crita, lan nyritakake wong liya (orang II lan orang III), dene yen wong kuwe agi nyritakake awake dhewek, kewan, tetanduran, kahanan alam utawa alam ghaib nggunakake Basa Ngoko Lugu.

Ing ngisor iki tuladha cuplikan pacelathon kang nggunakake ragam Basa Ngoko (Basa Ngoko Alus lan Basa Ngoko Lugu).

1. Pak Karno : “Pak Budi, apa pitike panjenengan mau wis pada dipakani sedurunge panjenengan tindak?”
2. Pak Budi : “Pitikku mau wis dak wenehi pakan akeh ing ngumah sedurunge dak tinggal. Sing gedhe dak jerake katul, sing cilik-cilik dak wenehi beras ben padha mangan dhewek., uga dak wenehi banyu akeh ben padha bisa ngumbe kanthi cukup ora kurang.”
3. Pak Karno : “Oh, ya wis. yen wis kan ora dadi penggalih.”
4. Pak Budi : “Iya , bab pitik wis beres.”
5. Pak Karno : “Ya bener kue. Aku bae ya kaya kue. Yen aku arep lelungan kabeh ingon-ingon tak wenehi pakan kabeh.”
6. Pak Budi : “Panjenengan ya kagungan ingon-ingon Pak?”
7. Pak Karno : “Ya padha. kaya njenengan. akeh ingon-ingone.”

Katrangan bab panganggone Basa Ngoko Alus lan Basa Ngoko Lugu ing tuladha pacelatohn dhuwur. Tuladha Basa Ngoko Alus kang digunakake ing pacelathon dhuwur :

1. Pak Karno : “Pak Budi, apa pitike panjenengan mau wis pada dipakani sedurunge panjenengan tindak?”
3. Pak Karno : “Oh, ya wis. Yen wis kan ora
6. Pak Budi : “Panjenengan ya kagungan ingon-ingon Pak?”
7. Pak Karno : “Ya padha kaya njenengan,akeh ingon-ingone.”

**Katrangan panggongone Basa Ngoko Alus** Ing tuladha Pacelathon dhuwur, no. 1,3 lan 7: Pak Karno nggunakake Basa Ngoko Alus, amarga Pak Karno agi crita, lan agi nyritakake wong liya, yaiku Pak Budi. Lan ing tuladha no. 6, Pak Budi nggunakake Basa Ngoko Alus , amarga Pak Budi agi crita lan nyritakake wong liya, yaiku Pak Karno.

**Tuladha Basa Ngoko Lugu kang digunakake ing pacelathon dhuwur :**

2. Pak Budi : “Pitikku mau wis dak wenehi pakan akeh ing ngumah sedurunge dak tinggal. Sing gedhe dak jerake katul, sing cilik-cilik dak wenehi beras ben padha mangan dhewek., uga dak wenehi banyu akeh ben padha ngumbe cukup ora kurang.”
4. Pak Budi : “Iya , bab pitik wis beres.”
5. Pak Karno : “Ya bener kue. Aku bae ya kaya kue. Yen aku arep lelungan kabeh ingon-ingone dak wenehi pakan kabeh.”

**Katrangan panggongone Basa Ngoko Lugu** ing tuladha pacelathon dhuwur nomer 2, 4 lan 5, Pak Budi lan uga Pak Karno padha nggunakake Basa Ngoko Lugu amarga Pak Budi lan Pak Karno agi padha crita lan nyritakake awake dhewek, lan uga kewan ingon-ingone.

## **Kesimpulan :**

Basa Ngoko Lugu digunakake marang wong kang agi crita, lan nyritakake awake dhewek (orang I), lan nyritakake kewan ingon-ingone. Dene yen wong kuwe agi crita lan nyritakake wong liya (orang II utawa III), nggunakake Basa Ngoko Alus.

Basa Ngoko Alus lan Basa Ngoko Lugu digunakake bebarengan ing Basa Ngoko. Basa Ngoko iki ora padha karo Basa Ngokone bocah cilik ananging Basa Ngokone bocah utawa wong kang wis dhewasa wis ngerti unggah-ungguh basa, basa kang sopan kang bisa ngormati wong liya.

Basa Ngoko Alus iku Basa Ngoko kanggo wong liya, dene Basa Ngoko Lugu iku basa ngoko kanggo awake dhewek (Orang I) utawa Basa Ngoko Aluse awak dhewek (Orang I) diarani Basa Ngoko Lugu.



## BAB II

# UNGGAH-UNGGUH BASA JAWA

## BAB KRAMA ALUS

### Katrangan lan Penjelasan Basa Krama Alus:

Basa Krama Alus, yaiku: basa kang nggunakake basa Krama Madya dicampur Basa Krama Inggil (kanggo wong liya (orang II utawa III) ing bab 1. Kata ganti, 2. Kata aktivitas, 3. Kata kepemilikan), Ater-ater lan panambange Basa Krama.

Ing ngarep wis dijelasna yen Basa Ngoko Alus iku Basa Ngoko kang dicampur Basa Krama Inggil, dene ing Basa Krama Alus iki Basa Krama Madya dicampur basa Krama Inggil. Dadi antarane Basa Ngoko Alus lan Basa Krama Alus iku pada-pada nggunakake Basa Krama Inggil yaiku ing bab **kata ganti, kata aktivitas, lan kata kepemilikan.**

Beda pokoke antara Basa Krama Alus lan Basa Ngoko Alus iku ana ing 1. Jenis Tembung-tembung Liyane, lan 2. Ater-ater, Seselan lan Panambange.

Kanggo lewih jelase simakana tuladha ukara ing ngisor iki, beda antara ukara Basa Ngoko ALus lan Basa Krama Alus :

#### A. Basa Ngoko Alus

Tuladha:

Panjenengan tindak menyang endi mau esuk ?

Katrangan :

Jenis Kata Ganti Orang-II : panjenengan

Jenis Kata Aktivitas Orang II : tindak

**Jenis Tembung-tembung liyane:** menyang, endi, mau, esuk, (basa ngoko)

B. Basa Krama Alus

Tuladha:

Panjenengan tindak dhateng pundi wau enjing ?

Katrangan :

Jenis kata ganti orang II : panjenengan

Jenis kata aktivitas orang II : tindak

**Jenis tembung-tembung liyane :** dhateng, pundi, wau, enjing, (krama madya).

C. Jenis Tembung-Tembung Liyane.

Jenis Tembung-tembung Liyane ing tuladha Basa Krama Alus ing dhuwur, yaiku : **dhateng, pundi, wau enjing (Basa Krama Madya).**

Jenis Tembung-tembung Liyane ing Tuladha Basa Ngoko Alus ing dhuwur, yaiku : **menyang, endi, mau, esuk, ( Basa Ngoko).**

**Kesimpulan bedane Basa Krama Alus lan Basa Ngoko Alus :**

1. Ing Basa Krama Alus, jenis tembung-tembung liyane nggunakake Basa Krama Madya, dene ing Basa Ngoko Alus, jenis tembung-tembung liyane nggunakake Basa Ngoko.
2. Ing basa Krama Alus, ater-ater, seselan lan panambang nggunakake Basa Krama Madya, dene ing Basa Ngoko alus ater-ater, seselan lan panambange nggunakake Basa Ngoko.
3. Ing Basa Krama Alus lan Basa Ngoko Alus padha-padha nggunakake Basa Krama Inggil ing bab:  
1. Kata ganti, 2. Kata Aktifitas 3. Kata kepemilikan

**Supaya lewih jelase mula simakana tuladha-tuladha ukara Basa Ngoko Alus kang digawe dadi Basa Krama ing ngisor iki:**

**Analisis proses basa, Basa Ngoko Alus digawe Basa Krama.**

### Tuladha 1

Basa Ngoko Alus	Panjenengan ing Karang Bolong wingi sore.
Analisis Proses Basa Ngoko Alus digawe Basa Krama :	
1. Kata Ganti	Kata Ganti Orang II - panjenengan      ⇨ panjenengan (ajeg Krama Inggil)
2. Kata Aktivitas	-
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	ing, Karang Bolong, wingi, sore      ⇨ teng, Karang Bolong, wingi, sonten (dadi Krama Madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Alus dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Panjenengan teng Karang Bolong wingi sonten.

### Tuladha 2

Basa Ngoko Alus	Rudi dhahar roti ing Warung Karang Bolong wingi sore.
Analisis Proses Basa Ngoko Alus digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	-
2. Kata Aktivitas	Aktivitas org III : - dhahar      ⇨ dhahar (Ajeg Krama Inggil)
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	roti, ing, Warung Karang Bolong, wingi, sore      ⇨ roti, teng, warung, Karang Bolong, wingi sonten. (dadi Krama Madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Alus dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Rudi dhahar roti teng Warung Karang Bolong wingi sonten

### Tuladha 3

Basa Ngoko Alus	Apa dalem panjenengan ing Desa Sitiadi?
Analisis Proses Basa Ngoko Alus digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	-
2. Kata Aktivitas	-
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan org II : - dalem panjenengan ⇒ dalem panjenengan (ajeg Krama Inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	apa, ing, Desa Sitiadi ⇒ punapa, wonten, Dhusun Sitiadi (dadi Krama Madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Alus dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Punapa dalem panjenengan wonten Dhusun Sitiadi?

### Tuladha 4

Basa Ngoko Alus	Apa panjenengan wis kondur rikala ana udan?
Analisis Proses Basa Ngoko Alus digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	Kata Ganti org II : - panjenengan ⇒ panjenengan (ajeg Krama Inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Org II: - kondur ⇒ kondur (ajeg Krama Inggil)
3. Kata kepemilikan	-

4. Jenis Tembung Liyane	rikala, ana, udan, apa, wis	rikala, wonten, jawah, punapa, sampun (dadi Krama Madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Alus dadi Basa Krama Alus :		
Basa Krama Alus	Punapa panjenengan sampun kondur rikala wonten jawah?	

#### Tuladha 5

Basa Ngoko Alus	Ngesuk aku lunga menyang daleme Tuti.	
Analisis proses Basa Ngoko Alus digawe Basa Krama :		
1. Kata Ganti	Kata Ganti Orang I: - aku	⇒ kula (dadi krama madya)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Orang I : - lunga	⇒ kesah (dadi krama madya)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan Org III: - daleme	⇒ dalemipun (dadi krama inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	ngesuk, menyang	ngengang, ⇒ dhateng (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Alus dadi Basa Krama Alus :		
Basa Krama Alus	Ngenjang kula kesah dhateng dalemipun Tuti.	

#### Tuladha 6

Basa Ngoko Alus	Wingi sore Budi dhahar ing umahku.	
Analisis Proses Basa Ngoko Alus digawe Basa Krama:		
1. Kata Ganti	-	

2. Kata Aktivitas	Aktivitas Orang II: - dhahar                   ⇒ dhahar (ajeg krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan Org I : - umahku                   ⇒ griya kula (dadi krama madya)
4. Jenis Tembung Tembung Liyane	wingi, sonten, wingi, sore, ing           ⇒ teng (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Alus dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Wingi sonten Budi dhahar teng griya kula.

#### Tuladha 7

Basa Ngoko Alus	Nangapa panjenengan wingi ora sida dhahar ing umahku?
Analisis Proses Basa Ngoko Alus digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	Kata Ganti Orang II : - panjenengan           ⇒ panjenengan (ajeg krama inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas orang II : - dhahar                   ⇒ dhahar (ajeg krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan org I : - umahku                   ⇒ griya kula (dadi krama madya)
4. Jenis Tembung Liyane	kenging punapa,wingi, nangapa,wingi,           ⇒ boten, sios, ora, sida, ing           teng (dadi krama madya)

Hasil proses analisis Basa Ngoko Alus dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Kenging punapa wingi panjenengan boten siyos dhahar teng griya kula?

### Tuladha 8

Basa Ngoko Alus	Apa buku panjenengan sing keru ing daleme Budi wis panjenengan pundhut?
Analisis Proses Basa Ngoko Alus digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	Kata Ganti Org II : - panjenengan      ⇨ panjenengan (ajeg krama inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Org I : - pundhut            ⇨ pundhut (ajeg krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan org II - buku panjenengan      ⇨ buku panjenengan (ajeg krama inggil)  Kepemilikan org III - daleme                      ⇨ dalemipun (dadi krama inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	apa, sing, keru, ing, wis      ⇨ Punapa, ingkang, kantun, wonten, sampun (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Alus dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Punapa buku panjenengan ingkang kantun wonten dalemipun Budi sampun panjenengan pundhut?

## Tuladha 9

Basa Ngoko Alus	Ana cerita lucu, rikala panjenengan tindak menyang umahku aku agi lunga menyang daleme Budi, lan Budi agi tindak menyang daleme panjenengan, akhire aku, panjenengan lan Budi ora bisa ketemu ing wektu iku.
Analisis Proses Basa Ngoko Alus digawe Basa Krama Alus:	
1. Kata Ganti	Kata Ganti Orang I : - aku                          ⇨ kula (dadi krama madya)  Kata Ganti Orang II : - panjenengan                ⇨ panjenengan (ajeg Krama inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas orang I: - lunga                         ⇨ kesah (dadi krama madya) Aktivitas Orang II: - tindak                        ⇨ tindak (ajeg krama inggil) Aktivitas orang III: - tindak                        ⇨ tindak (ajeg Krama Inggil)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan org I: - umahku                      ⇨ griya kula (dadi krama madya)  Kepemilikan Org II: - daleme                        ⇨ dalemipun (dadi krama inggil)  Kepemilikan org III: - daleme Budi                 ⇨ dalemipun Budi (dadi krama inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	Ana, cerita, lucu, rikala, menyang, agi, lan, akhire, ora, bisa, ketemu, ing, wektu, iku.  wonten, cariyos, lucu, rikala, ⇨ dhateng, saweg, lan, akhiripun, boten, saged,



	kepanggih, teng,wekdal, punika (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Alus dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Wonten cariyos lucu,rikala panjenengan tindak dhateng griya kula, kula saweg kesah dhateng dalemipun Budi lan Budi saweg tindak dhateng dalemipun panjenengan akhiripun kula, panjenengan, lan Budi boten saged kepanggih teng wekdal punika.

### **Katrangan :**

Tuladha ing dhuwur iku wujud tuladha Basa Krama Alus. Basa Ngoko Alus yen digawe Basa Krama dadine Basa Krama Alus, bab iki amarga wujud cerita,kang nyritakake wong liya (orang ke II lan ke III). Dene Basa Ngoko Lugu yen digawe Basa Krama dadine Basa Krama Lugu, bab iki amarga wujud crita kang nyritakake awake dhewek( orang 1) utawa nyritakake kewan, tetanduran, kahanan alam, lan uga alam ghaib, mula Basa Ngoko Lugu iku yen digawe dadi Basa Krama dadine Basa Krama Lugu. Ing ngisor iki tuladha-tuladha Basa Ngoko Lugu kang digawe Basa Krama dadine Basa Krama Lugu amarga nyritakake awake dhewek (orang I) utawa nyritakake kewan, tetanduran, kahanan alam lan uga alam ghaib.

### Tuladha 1

Basa Ngoko Lugu	Aku ing Karang Bolong wingi sore.
Analisis Proses Basa Ngoko Lugu digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	Kata ganti orang I : - aku ⇒ kula (dadi krama madya)
2. Kata Aktivitas	-

3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	ing, Karang Bolong, wingi, sore ⇒ teng, Karang Bolong, wingi, sonten (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Lugu dadi Basa Krama Lugu :	
Basa Krama Lugu	Kula teng Karang Bolong wingi sonten.

### Tuladha 2

Basa Ngoko Lugu	Aku bali saka Jakarta wingi sore.
Analisis Proses Basa Ngoko Lugu digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	Kata ganti orang I : - aku ⇒ kula (dadi krama madya)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas orang I : - bali ⇒ wangsul (dadi krama madya)
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	saka, Jakarta, wingi, sore ⇒ saking, Jakarta, wingi, sonten (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Lugu dadi Basa Krama Lugu:	
Basa Krama Lugu	Kula wangsul saking Jakarta wingi sonten.

### Tuladha 3

Basa Ngoko Lugu	Aku maem roti ing umahku.
Analisis Proses Basa Ngoko Lugu digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	Kata ganti orang I : - aku ⇒ kula (dadi krama madya)

2. Kata Aktivitas	Jenis Aktivitas org I - maem                      ⇨ nedha (dadi krama madya)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan Org I : - umahku                      ⇨ griya kula (dadi krama madya)
4. Jenis Tembung Liyane	roti, ing                      ⇨ roti, teng (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Lugu dadi Basa Krama Lugu :	
Basa Krama Lugu	Kula nedha roti teng griya kula.

#### Tuladha 4

Basa Ngoko Lugu	Kucingku agi mangan gesek ing pawon.
Analisis Proses Basa Ngoko Lugu digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	-
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Kewan : - mangan                      ⇨ nedha (dadi krama madya)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan Org I: - kucingku                      ⇨ kucing kula (dadi krama madya)
4. Jenis Tembung Liyane	agi, gesek, ing, pawon                      ⇨ saweg, gesek, teng, dhapur (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Lugu dadi Basa Krama Lugu :	
Basa Krama Lugu	Kucing kula saweg nedha gesek teng dhapur.

Tuladha 5

Basa Ngoko Lugu	Anake kucing ireng sing wingi lara siki wis mari, wis bisa mangan dhewek, bisa mlaku-mlaku lan ngumbe dhewek.
Analisis Proses Basa Ngoko Lugu digawe Basa Krama :	
1. Kata Ganti	-
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Kewan : - mangan                   ⇒ nedha - mlaku-mlaku           ⇒ mlampah-mlampah - ngumbe                   ⇒ nginum (dadi Krama Madya)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikane Kewan: -anakke                    ⇒ anakipun (dadi karma Madya)
4. Jenis Tembung Liyane	kucing ireng,sing, wingi, lara, siki, wis, mari, bisa, dhewek, lan, ⇒ kucing cemeng, ingkang,wingi, sakit, sapunika, sampun, mantun, saged, piyambak,kalih (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Lugu dadi Basa Krama Lugu :	
Basa Krama Lugu	Anakipun kucing cemeng ingkang wingi sakit sapunika sampun mantun, sampun saged nedha piyambak, saged mlampah-mlampah lan nginum piyambak.

Tuladha 6

Basa Ngoko Lugu	Kahanan Alas Roban ing wayah bengi katon sepi banget, sing mlaku-mlaku paling kadhok lan anak-anakke, precil kang agi golet pangan, swarane kang pating kemrosok iku merga gegodhongan kang kena angin, lan uga memedi genderuwo kang mlaku-mlaku golet pangan karo ngomong-ngomong kang swarane meden-medeni bok menawa ora ana.	
Analisis Proses Basa Ngoko Lugu digawe Basa Krama :		
1. Kata ganti	-	
2. Kata aktivitas	Jenis Aktivitase Kewan, Tetanduran, Alam ghaib :	
	- mlaku-mlaku	⇒ mlampah-mlampah
	- golet	⇒ pados
	- ngomong	⇒ micanten (dadi krama madya)
3. Kata kepemilikan	Jenis Kepemilikane Kewan, Tetanduran, Alam Ghaib :	
	- suwarane	⇒ suwantenipun
	- anak-anakke	⇒ anak-anakipun (dadi Krama Madya)
4. Jenis tembung-tembung liyane	Kahanan, Alas Roban ing, wayah, bengi, katon, sepi, banget, yen, ana, sing, paling, kadhok, lan, precil, kang, agi, pangan, pating, kemrosok, merga, gegodhongan, kang, kena, angin, lan, mbok, menawa, ora,	Kawontenan, Alas Roban, teng, wanci, dalu, ketingal, sepen, sanget, menawi, wonten, ingkang, paling, kadhok, lan, precil, ingkang, saweg, lan, tetedhan,

	ana, memedi, genderuwo, pangan, utawa, medeni.	pating, kemrosok, amargi, ron- ronan, kenging, angin, bok, menawi, boten,wonten memedi, genderuwo, utawi, ngajrihi. (dadi Krama Madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko Lugu dadi Basa Krama Lugu :		
Basa Krama Lugu	Kawontenan Alas Roban teng wanci dalu ketingal sepen sanget, ingkang mlampah- mlampah paling kothok lan anak-anakipun, precil ingkang saweg pados tetedhan,suwantenipun ingkang pating kemrosok punika amargi ron-ronan ingkang kenging angin, lan ugi memedi Genderuwa ingkang mlampah-mlampah pados tetedhan, kalih micanten-micanten ingkang suwantenipun ngajrih-ajrihi bok menawi boten wonten.	

**Katrangan :**

Basa Krama Alus lan Basa Krama Lugu digunakake bebarengan yen wong kuwe agi pada guneman nggunakake ragam basa krama. Basa Krama Alus yen wong kuwe agi nyritakake wong liya (orang II lan orang III), dene yen wong kuwe agi nyritakake awake dhewek (orang 1), kewan, tetanduran, kahanan alam lan alam ghaib nggunakake Basa Krama Lugu.

Ing ngisor iki tuladha cuplikan pacelathon nggunakake ragam Basa Krama (Basa Krama Alus lan Basa Krama Lugu).

Tuladha pacelathon ragam Basa Krama, antarane Pak Karno lan Pak Budi:

1. Pak Karno : “Pak Budi, punapa ayamipun panjenengan wau sampun sami dipunparingi tetedhan sederengipun panjenengan tindak?”
2. Pak Budi : “Sampun, ayam kula wau sampun kula sukani tetedhan kathah teng griya sederengipun kula tilar. Inggang ageng kula jeraken katul lan inggang alit-alit kula sukani wos supados sami nedha piyambak, ugi kula sukani toya kathah supados sami ngingum cekap boten kirang.”
3. Pak Karno : “Oh, nggih sampun. Menawi sampun kan ayem boten dados penggalih.”
4. Pak Budi : “Inggih Pak, bab ayam sampun beres.”
5. Pak Karno : “nggih leres niku. Kula mawon nggih kados mekaten menawi kula ajeng kekesahan. Sedaya ingon-ingon kula sukani pakan sedaya.”
6. Pak Budi : “Panjenengan nggih kagungan ingon-ingon Pak?”
7. Pak Karno : “Nggih sami kados njenengan kathah ingon-ingonipun.”

**Katrangan bab panganggone Basa Krama Alus lan Basa Krama Lugu ing tuladha pacelathon dhuwur. Tuladha Basa Krama Alus kang digunakake ing pacelathon dhuwur :**

1. Pak Karno : “Pak Budi, punapa ayamipun panjenengan wau sampun sami dipunparingi tetedhan sederengipun panjenengan tindak?”
2. Pak Karno : “Oh, nggih sampun. Menawi sampun kan

ayem boten dados penggalih.”

3. Pak Budi :”Panjenengan nggih kagungan ingon-ingon Pak?”
4. Pak Karno :”Nggih sami kados njenengan kathah ingon-ingonipun.”

Katrangan panganggone Basa Krama Alus ing tuladha pancelathon dhuwur, no 1, 3 lan 7: Pak Karno nggunakake Basa Krama Alus, amarga Pak Karno agi crita lan nyritakake wong liya, yaiku Pak Budi. Lan ing tuladha no 6 Pak Budi nggunakake Basa karma Alus amarga pak budi agi crita, lan nyritakake wong liya yaiku Pak Karno.

#### **Tuladha Basa Krama Lugu kang digunakake ing pancelathon dhuwur.**

4. Pak Budi :”Ayam kula wau sampun kula sukani tetedhan kathah teng griya sederengipun kula tilar. Inggang ageng kula jeraken katul lan inggang alit-alit kula sukani wos supados sami nedha piyambak, ugi kula sukani toya kathah supados sami ngingum cekap boten kirang.”
4. Pak Budi :”Inggih Pak, bab ayam sampun beres.”
5. Pak Karno :”nggih leres niku. Kula mawon nggih kados mekaten menawi kula ajeng kekesahan. Sedaya ingon-ingon kula sukani pakan sedaya.”

Katrangan:

Katrangan panganggone Basa Krama Lugu kang digunakake ing tuladha pancelathon nomer 2, 4 lan 5, ing dhuwur: Pak Budi lan Pak Karno pada nggunakake Basa Krama Lugu amarga Pak Budi lan Pak Karno agi crita, nyritakake awake dhewek (orang 1) lan nyritakake kewan ingon-ingone, yaiku ayam.



### **Katrangan bab tujuan panganggone Basa Krama Lugu:**

Tujuan panganggone Basa Krama Lugu, yaiku kanggo mujudake keluguwan utawa kesederhanaan, ora sombong lan ora mbombong awake dhewek lan kanggo ngormati wong kang diajak guneman. Dene **tujuan panganggone Basa Krama Lugu yen kanggo kewan, alam ghaib iku supaya kanggo mbedakake karo pawongan utawa menungsa.** Yen pawongan khususe wong liya (orang II lan orang III), kata gantine, aktivitase, lan kepemilikane nggunakake Basa Krama Inggil, ananging yen kewan, alam lan tetanduran utawa makhluk gaib (memedi) nggunakake Basa Krama Madya, ora nggunakake basa Krama Inggil.

### **Kesimpulane :**

Basa Krama Lugu digunakake yen wong kuwe agi guneman utawa crita karo wong liya ananging yen agi nyritakake awake dhewek (orang I), nyritakake kewan utawa ingon-ingone, tetanduran lan kahanan alam. Dene yen wong kuwe agi crita, lan nyritakake wong liya (orang II utawa III), mula nggunakake Basa Krama Alus. Basa Krama Alus lan Basa Krama Lugu digunakake bebarengan ana ing Basa Krama. Basa Krama Alus iku Basa Krama kanggo wong liya, dene Basa Krama Lugu iku Basa Krama kanggo awake dhewek (Orang I) utawa Basa Krama Aluse awake dhewek (Orang I) diarani Basa Krama Lugu.

# BAB III

## *BASA NGOKO DIGAWÉ BASA KRAMA*

### 1. Basa Ngoko

Basa Ngoko yaiku basa kang nggunakake tembung-tembung basa ngoko kabeh, ora kecampuran karo basa krama madya utawa basa krama inggil. Ater-ater lan Panambange uga Basa Ngoko.

### 2. Basa Krama Alus

Basa Krama Alus yaiku basa kang nggunakake basa Krama Madya dicampur Basa Krama Inggil (kanggo wong liya:( orang II utawa III) ing bab 1. Kata ganti, 2. Kata aktivitas, 3. Kata kepemilikan). Ater-ater lan panambange Basa Krama Madya.

### 3. Basa Krama Lugu

Basa Krama Lugu yaiku basa kang nggunakake Basa Krama Madya kabeh ora dicampur karo Basa Krama Inggil, ater-ater lan panambange uga Basa Krama Madya.

### 4. Basa Ngoko digawe Basa Krama

Basa ngoko yen digawe Basa Krama dadi Basa Krama Alus utawa Basa Krama Lugu. Basa Ngoko yen digawe Basa Krama dadi Basa Krama Alus, amarga Basa Ngoko kasebut nduweni unsur-unsur pokok basa kang kanggo wong liya. Dene kang dimaksud unsur-unsur pokok basa ing Unggah-Ungguh Basa iki, yaiku: 1. Jenis tembung Kata Gantine, 2. Tembung Aktivitase, lan 3. Tembung Kepemilikane. Basa Ngoko kang unsur-unsur pokok basane kanggo wong liya, bisa salah siji

unsure utawa kabeh unsur pokok basane kanggo wong liya, mula Basa Ngoko iku yen digawe Basa Krama dadine Basa Krama Alus. Lan sewalike yen unsur-unsur pokok basa ing Basa Ngoko iku kanggo awake dhewek, mula Basa Ngoko iku yen di gawe Basa Krama dadine Basa Krama Lugu. Kejaba unsur-unsur pokok basane kanggo awake dhewek, uga yen kanggo kewan, tetanduran, utawa alam, mula Basa Ngoko iku yen digawe Basa Krama dadi basa Krama Lugu.

Kanggo lewih jelase simakana tuladha-tuladha ing ngisor iki kanggo njangkepi penjelasan ing dhuwur iku, 3 jenis tuladha Basa Ngoko kang digawe dadi Basa Krama dadine Basa Krama Alus utawa dadi Basa Krama Lugu.

Tuladha 1: Basa Ngoko kang tembung Aktivitas lan tembung Kata Gantine kanggo wong liya (orang II).

Basa Ngoko	Apa kowe wis bali rikala ana udan?	
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:		
1. Kata Ganti	Kata Ganti Org II : - Kowe                    ⇨ panjenengan (dadi Krama Inggil)	
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Org II : - bali                      ⇨ kondur (dadi Krama Inggil)	
3. Kata Kepemilikan	-	
4. Jenis Tembung Liyane	rikala, ana, udan, apa, wis	rikala, wonten, ⇨ jawah, punapa, sampun (dadi Krama Madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Alus :		
Basa Krama Alus	Punapa panjenengan sampun kondur rikala wonten jawah?	

Tuladha 2, Basa Ngoko kang tembung Kata Ganti lan tembung Aktivitase kanggo awake dhewek (orang I).

Basa Ngoko	Aku bali saka Jakarta wingi sore.
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	Kata Ganti Orang I : - aku                      ⇨ kula (dadi krama madya)
2. Kata Aktivitas	Kata Aktivitas org I : - bali                      ⇨ wangsul (dadi krama madya)
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	saka, Jakarta, wingi, sore                      ⇨ saking, Jakarta, wingi, sonten (dadi krama madya)
Hasil proses anasis Basa Ngoko dadi Basa Krama Lugu :	
Basa Krama Lugu	Kula wangsul saking Jakarta wingi sonten

Tuladha 3. Basa Ngoko kang tembung Aktivitase kanggo kewan.

Basa Ngoko	Kucing sing ireng agi mangan gesek ing pawon
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	-
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Kewan : - mangan                      ⇨ nedha (dadi krama madya)
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	kucing ,sing,ireng, agi, gesek, ing, pawon                      ⇨ kucing,ing kang, cemeng, saweg, gesek, teng,

	pawon. (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Lugu :	
Basa Krama Lugu	Kucing ingkang cemeng saweg nedha gesek teng pawon.

Tuladha ing dhuwur iku mung sifate pelengkap utawa tambahan penjelas katrangan, dene kang lewih jelase simakana tuladha analisis basa ngisor iki, khusus kanggo Basa Ngoko kang digawe Basa Krama dadi Basa Krama Alus:

#### Tuladha 1

Basa Ngoko	Kowe ing Karang Bolong wingi sore.
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	Kata Ganti org II - kowe                    ⇨ panjenengan (dadi Krama Inggil)
2. Kata Aktivitas	-
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	ing, Karang Bolong, wingi, sore                    ⇨ teng, Karang Bolong, wingi, sonten (dadi Krama Madya)
Hasil analisis proses Basa Ngoko dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Panjenengan teng Karang Bolong wingi sonten.

#### Tuladha 2

Basa Ngoko	Rudi maem roti ing warung Karang Bolong wingi sore.
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama :	

1. Kata Ganti	-
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Org III : - maem                   ⇒ dhahar (dadi Krama Inggil)
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	roti, ing, warung, Karang Bolong, wingi, sore                   ⇒ roti, teng, wande, Krang Bolong, wingi sonten. (dadi Krama Madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Rudi dhahar roti teng wande Karang Bolong wingi sonten.

### Tuladha 3

Basa Ngoko	Apa umahmu ing Desa Sitiadi?
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	-
2. Kata Aktivitas	-
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan org II - umahmu                   ⇒ dalem panjenengan (dadi Krama Inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	apa, ing, desa, Sitiadi                   ⇒ punapa, teng, dhusun, Sitiadi (dadi Krama Madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Punapa dalem panjenengan teng dhusun Sitiadi?

#### Tuladha 4

Basa Ngoko	Apa kowe wis bali rikala ana udan?
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	Kata Ganti org II - Kowe                   ⇒ panjenengan (dadi Krama Inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas orang II - bali                    ⇒ kondur (dadi Krama Inggil)
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	apa,wis, sore,                   punapa,sampun, ana, udan                       ⇒ sonten, wonten, jawah, (dadi Krama Madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Punapa Panjenengan sampun kondur rikala wonten jawah?

#### Tuladha 5

Basa Ngoko	Ngesuk aku arep lunga maring umahe Tuti.
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama :	
1. Kata Ganti	Kata Ganti orang I - aku                    ⇒ kula (dadi krama madya)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas orang I - lunga                 ⇒ kesah (dadi krama madya)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan org III - umahe                ⇒ dalemipun (dadi krama inggil)

4. Jenis Tembung Liyane	ngesuk, arep, menyang	ngengang, ajeng, ⇒ dhateng (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Alus :		
Basa Krama Alus	Ngenjang kula ajeng kesah dhateng dalemipun Tuti.	

#### Tuladha 6

Basa Ngoko	Wingi sore Budi maem ing umahku.	
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:		
1. Kata Ganti	-	
2. Kata Aktivitas	Aktivitas orang III: - maem	⇒ dhahar (dadi krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan org I : - umahku	⇒ griya kula (dadi krama madya)
4. Jenis Tembung Liyane	wingi, sore, ing	wingi, sonten, ⇒ teng (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Alus :		
Basa Krama Alus	Wingi sonten Budi dhahar teng griya kula.	

#### Tuladha 7

Basa Ngoko	Nangapa kowe ora sida maem ing umahku?	
Analisis Proses Basa Ngoko Basa Krama:		
1. Kata Ganti	Kata Ganti orang II - kowe	⇒ panjenengan (dadi krama



	inggal)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas Orang II: - maem                   ⇒ dhahar (dadi krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan org I : - umahku               ⇒ griya kula (dadi krama madya)
4. Jenis Tembung Liyane	Nangapa, ora, sida, ing                   ⇒ kenging punapa, boten, siyos, teng (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Kenging punapa panjenengan boten siyos dhahar teng griya kula?

**Tuladha 8**

Basa Ngoko	Apa bukumu sing keru ing umahe Budi wis kok jupuk?
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama :	
1. Kata Ganti	Kata ganti org II : - kok                   ⇒ panjenengan (adadi krama inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas orang I : - jupuk               ⇒ pundhut (dadi krama inggil)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan org II - bukumu           ⇒ buku panjenengan (dadi krama inggil)

	Kepemilikan org III - umahe	⇒ dalemipun (dadi krama inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	apa, sing, keru, ing, wis	⇒ punapa, ingkang, kantun, wonten, sampun (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Alus :		
Basa Krama Alus	Punapa buku panjenengan ingkang kantun wonten dalemipun Budi sampun panjenengan pundhut?	

### Tuladha 9

Basa Ngoko	Ana cerita lucu, rikala kowe lunga menyang umahku aku agi lunga menyang umahe Budi, lan Budi agi lunga menyang umahmu, akhire aku, kowe lan Budi ora bisa ketemu ing wektu iku.	
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:		
1. Kata Ganti	Kata ganti orang I : - aku	⇒ kula (dadi krama madya)
	Kata Ganti Org II : - kowe	⇒ panjenengan (dadi Krama inggil)
2. Kata Aktivitas	Aktivitas orang I: - lunga	⇒ kesah (dadi krama madya)
	Aktivitas Org II : - lunga	⇒ tindak (dadi krama inggil)
	Aktivitas orang III: - lunga	⇒ tindak (dadi Krama Inggil)

3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan Org I: - umahku                   ⇒ griya kula (dadi krama madya)  Kpemilikan Org II: - umahe                   ⇒ dalemipun (dadi krama inggil)  Kpemilkn Org III: - umahe Budi           ⇒ dalemipun Budi (dadi krama inggil)
4. Jenis Tembung Liyane	Ana, cerita, lucu, rikala,menyang, agi, lan, akhire, ora, bisa, ketemu, ing, wektu,iku                   ⇒ wonten, cariyos, lucu, rikala, dhateng, saweg, lan, akhiripun, boten, saged, kepanggih, teng,wekdal, punika (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Alus :	
Basa Krama Alus	Wonten cariyos lucu,rikala panjenengan tindak dhateng griya kula, kula saweg kesah dhateng dalemipun Budi lan Budi saweg tindak dhateng dalemipun panjenengan akhiripun kula, panjenengan, lan Budi boten saged kepanggih teng wekdal punika.

**keterangan :**

Tuladha nomer 1-9 ing dhuwur iku tuladha Basa Ngoko kang digawe Basa Krama dadi Basa Krama Alus, amarga unsur-unsur pokok basane kanggo wong liya, bisa salah siji unsure, utawa kabeh unsure kanggo wong liya, maksude unsur-unsur pokok basane kang nyritakake wong liya. Dene tuladha nomer 10-15, ing ngisor iki, tuladha Basa Ngoko kang digawe Basa Krama dadi Basa Krama Lugu, amarga unsur-unsur pokok basane, kanggo awake dhewek (orang I), nyritakake awake dhewek. Kejaba yen kanggo awake dhewek uga yen unsur-unsur pokok basane

kanggo kewan, tetanduran, lan alam, mula Basa Ngoko iku yen digawe Basa Krama dadi Basa Krama Lugu.

Kanggo lewih jelase simakana tuladha-tuladha ing ngisor iki:

#### Tuladha 10

Basa Ngoko	Aku ing Karang Bolong wingi sore.
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	Kata ganti orang I: - aku                   ⇒ kula (dadi krama madya)
2. Kata Aktivitas	-
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung Liyane	ing, Karang Bolong, wingi, sore                   ⇒ teng, Karang Bolong, wingi, sonten (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Lugu:	
Basa Krama Lugu	Kula teng Karang Bolong wingi sonten.

#### Tuladha 11

Basa Ngoko	Aku bali saka Jakarta wingi sore.
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	Kata Ganti Orang I: - aku                   ⇒ kula (dadi krama madya)
2. Kata Aktivitas	Kata Aktivitas Org I: - bali                   ⇒ wangsul (dadi krama madya)
3. Kata Kepemilikan	-
4. Jenis Tembung	saka, Jakarta,                   ⇒ saking, Jakarta,

Liyane	wingi, sore	wingi, sonten (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Lugu :		
Basa Krama Lugu	Kula wangsul saking Jakarta wingi sonten.	

### Tuladha 12

Basa Ngoko	Aku maem roti ing umahku.	
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:		
1. Kata Ganti	Kata Ganti Orang I : - aku ⇒ kula (dadi krama madya)	
2. Kata Aktivitas	Aktivitas orang I : - maem ⇒ nedha (dadi krama madya)	
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan org I : - umahku ⇒ griya kula (dadi krama madya)	
4. Jenis Tembung Tembung Liyane	roti, ing	⇒ roti, teng (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Lugu :		
Basa Krama Lugu	Kula nedha roti teng griya kula.	

### Tuladha 13

Basa Ngoko	Kucing sing ireng agi mangan gesek ing pawon.	
Analisis proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:		
1. Kata Ganti	-	
2. Kata Aktivitas	Aktivitase Kewan : - mangan ⇒ nedha (dadi krama madya)	

3. Kata Kepemilikan	
4. Jenis Tembung Liyane	kucing,sing,ireng, agi, gesek, ing, pawon ⇒ kucing,ingkang ,cemeng,saweg, gesek, wonten, pawon (dadi krama madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Lugu:	
Basa Krama Lugu	Kucing ingkang cemeng saweg nedha gesek wonten pawon.

Tuladha 14

Basa Ngoko	Anakke kucing loreng sing wingi lara siki wis mari, wis bisa mangan, ngumbe lan mlaku-mlaku dhewek.
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama:	
1. Kata Ganti	-
2. Kata Aktivitas	Aktivitasewan : - mangan ⇒ nedha - mlaku-mlaku ⇒ mlampah-mlampah - ngumbe ⇒ nginum (dadi Krama Madya)
3. Kata Kepemilikan	Kepemilikan Kewan: -anakke ⇒ anakipun (dadi Krama Madya)
4. Jenis Tembung Tembung Liyane	kucing,sing,loreng, wingi, lara, siki, wis, mari, bisa, dhewek, lan, ⇒ kucing,ingkang, loreng, wingi, sakit, sapunika, sampun,

	mantun, saged, piyambak, (dadi krama madya)
Hasil analisis proses Basa Ngoko dadi Basa Krama Lugu :	
Basa Krama Lugu	Anakipun kucing loreng ingkang wingi sakit sapunika sampun mantun, sampun saged nedha, nginum lan mlampah-mlampah piyambak .

Tuladha 15

Basa Ngoko	Kahaman Alas Roban ing wayah bengi katon sepi banget, sing mlaku-mlaku paling kodhok lan anak-anakke, precil kang agi golet pangan, swarane kang pating kemrosok iku merga gegodhongan kang kena angina, lan uga memedi genderuwo kang mlaku-mlaku golet pangan karo ngomong-ngomong kang swarane meden-medeni, ananging bok menawa ora ana.
Analisis Proses Basa Ngoko digawe Basa Krama :	
1. Kata ganti	-
2. Kata aktivitas	Jenis Aktivitase Kewan, Tetanduran, Alam ghaib : - mlaku-mlaku      ⇨ mlampah- mlampah - golet                ⇨ pados - ngomong           ⇨ micanten (dadi krama madya)
3. Kata kepemilikan	Jenis Kepemilikan Kewan, Tetanduran, Alam ghaib : - suwarane           ⇨ suwantenipun - anak-anakke      ⇨ anak-anakipun

		(dadi Krama Madya)
4. Jenis tembung liyane	kahanan, Alas Roban ing, wayah, bengi, katon, sepi, banget, yen, ana, sing, paling, kodhok, lan, precil, kang, agi, pangan, pating, kemrosok, merga, gegodhongan, kang, kena, angin, lan, mbok, menawa, ora, ana, memedi, genderuwo, pangan, utawa, ananging, medeni. (Basa Ngoko)	kawontenan, Alas Roban, teng, wanci, dalu, ketingal, sepen, sanget, menawi, wonten, ingkang, paling, kodhok, lan, precil, ingkang, saweg, tetedhan, pating, ⇨ kemrosok, amarga, ron-ronan, kenging, angin, bok, menawi, boten, memedi, genderuwo, utawi, ananging, ngajrihi. (dadi Basa Krama Madya)
Hasil proses analisis Basa Ngoko dadi Basa Krama Lugu :		
Basa Krama Lugu	Kawontenan Alas Roban ing wanci dalu ketingal sepen sanget, menawi wonten ingkang mlampah-mlampah paling kodhok lan anak-anakipun, precil ingkang saweg pados tetedhan. Suwantenipun pating kemrosok amargi ron-ronan ingkang kenging angin lan bok menawi boten wonten memedi genderuwo ingkang mlampah-mlampah pados tetedhan utawi micanten ingkang suwantenipun ngajrih-ngajrihi, ananging bok menawi boten wonten	



Tuladha Pacelathon kang migunakake Basa Ngoko lan Basa Krama. Basa Krama kang digunakake bebarengan karo Basa Ngoko bisa disimak ing pacelathon ngisor iki

### **Nggah-Nggih Ora Kepanggih**

- Ibu : Eni, mau simbah tindak mrene!
- Eni : Kagungan kersa menapa, Bu. Lha, samenika wonten pundi?
- Ibu : Kowe arep diajak, didhawuhi nderekake simbah menyang bank, saperlu mundhut pensiunan.
- Eni : Lajeng samenika ingkang nderekaken simbah sinten, Bu? kok boten kersa ngentosi.
- Ibu : Tindak piyambakan. Simbah ora sranta ngenteni kowe. Kantore selak tutup. Ibu bola-bali rak ya wis kandha, paribasane lambe satumang kari samerang. Yen lunga menyang ngendi bae rak, ya, pamit, baline jam pira lan sapanunggalane. Dadi, yen ana apa-apa gampang anggonku ngluru, ya, karuan. Ora nyepelekake wong tuwa.
- Eni : Namung kesah sakedhap kok, Bu, Ibu Embuh sedhela embuh suwe, sepira abote ta pamit?
- Eni : Inggih, Bu.
- Ibu : Nggah-nggih ora kepanggih. Nyepelekake wong tuwa.
- Eni : Kula rumaos lepat, Bu, benjing boten kula wangsuli malih. Kula kapok. Kapok saestu, Bu kula nyuwun pangapunten.
- Ibu : Iya, yen iku mau metu saka prentuling atimu dhewe. Ana lupute Ibu apuranen. Estokna ngendikane ibumu, amrih begjamu.

Eni : Inggih, Bu. Matur nuwun paringipun pirsaa.

## UNGGAH UNGGUH BASA BAB BASA KRAMA ANDHAP

Basa Krama Andhap iku basa kang ngunakake tembung basa krama Andhap. Tembung Basa Krama Andhap iku cacache ora akeh, ananging kerep digunakake ing sesrawungan masyarakat jawa. Wong kang ngerti lan bisa nerapake Basa Krama Andhap ing sesrawungan bisa nambah pengajine utawa lewih dihormati ing masyarakat jawa.

Basa Krama Andhap digunakake marang wong kang nduweni maksud ngormati banget marang wong kang diajak guneman. Wong kang ngajak guneman (orang I) marang wong kang diajak guneman (orang II) utawa kang dicritakake (orang III) nggunakake Basa Krama Andhap amarga hormat banget. Hormate iku bisa disebakake merga umure beda adoh, kayata: keponakane marang Pakdhene utawa Paklike, utawa amarga kalungguhane, kayata: karyawan marang pimpinane, Pak lurah marang Pak Camat, utawa uga rewang marang bendarane.

Basa Krama Andhap iku jenis basa kang paling unik. Unike Basa Krama Andhap iku amarga Basa Krama Andhap iku bisa mapan ana ing jenis basa apa bae. Bisa ing Basa Ngoko Lugu, Ngoko Alus, Krama Lugu, lan uga ing Basa Krama Alus.

Ing ngisor iki Tuladha Basa Krama Andhap:

1. Basa Krama Andhap kang mapan ana ing jenis Basa Ngoko Lugu

Krama Andhap : Aku arep **sowan** dewek bae.

Ngoko Lugu : Aku arep **teka** dewek bae

Krama Andhap : Aku mau wis **matur** dewek.

Ngoko Lugu : Aku mau wis **ngomong** dewek.

Krama Andhap : Nuwun sewu **dalem** wis maem mau esuk ing ngumah.

- Ngoko Lugu : Nuwun sewu **aku** wis maem mau esuk ing ngumah.
2. Basa Krama Andhap kang mapan ana ing jenis Basa Ngoko Alus
- Krama Andhap : Aku mau wis **sowan** ing daleme njenengan.
- Ngoko Alus : Aku mau wis **teka** ing daleme njenengan.
- Krama Andhap : Aku arep **matur** marang panjenengan.
- Ngoko Alus : Aku arep **ngomong** marang panjenengan.
- Krama Andhap : **Sowanku** mrene ana perlu karo panjenengan.
- Ngoko Alus : **Tekaku** mrene ana perlu karo panjenengan.
3. Basa Krama Andhap kang mapan ana ing jenis Basa Krama Lugu
- Krama Andhap : Kula ajeng **sowan** piyambak mawon.
- Krama Lugu : Kula ajeng **dhateng** piyambak mawon.
- Krama Andhap : Kula wau sampun **matur** piyambak.
- Krama Lugu : Kula wau sampun **micanten** piyambak.
- Krama Andhap : Nyuwun ngapunten **dalem** wau sampun nedha wonten griya.
- Krama Lugu : Nyuwun ngapunten **kula** wau sampun nedha wonten griya.
4. Basa Krama Andhap kang mapan ana ing jenis Basa Krama Alus
- Krama Andhap : Keparang **matur**, sowan kula mriki ingkang sepisan badhe silaturahmi kaliyan Bapak sekeluarga. Salajengipun **sowan** kula mriki dipun dhawuhi Pak RT supados ngaturi Pak

- Tarno tindhak wonten dalemipun Pak RT ing mangke ba'da maghrib.
- Krama Alus : Kepareng **micanten**, sowan kula mriki ingkang sepisan badhe silaturahmi kaliyan Bapak sekeluarga. Salajengipun **dhateng** kula mriki dipun dhawuhi Pak RT supados ngaturi Pak Tarno tindhak wonten dalemipun Pak RT ing mangke ba'da maghrib.
- Krama Andhap : Kula badhe **matur** dhateng panjenengan.
- Krama Alus : Kula badhe **micanten** dhateng panjenengan.
- Krama Andhap : Kula wau sampun **sowan** dhateng dalemipun Pak Camat.
- Krama Alus : Kula wau sampun **dhateng** dhateng dalemipun Pak Camat.
- Krama Andhap : Nuwun sewu **dalem** badhe nyuwun pirsu dhateng panjenengan.
- Krama Alus : Nuwun sewu **kula** badhe nyuwun pirsu dhateng panjenengan.

Katrangan :

Saka tuladha-tuladha ukara Basa Krama Andhap in duwur iku bisa disimpulaken, bilih tembung-tembung Vasa Krama Andhap kang asring digunakake ing pasrawungan masyarakat jawa, khusus Kabupatèn Kebumèn yaiku tembung **sowan (teka)** lan **matur (ngomong)**. Dene tembung **dalem (aku)** arang-arang digunakake ing pasrawungan masyarakat jawa khusus Kabupatèn Kebumèn. Dene tembung-tembung Krama Andhap jakaba telu iku, arang panganggone. Kajaba iku **Basa Krama**

**Andhap iku kabeh basa (Ngoko Lugu, Ngoko Alus, Krama Lugu, Krama Alus) kang nggunakake tembung Basa Krama Andhap.**

Tembung-tembung Basa Jawa iku ora kabeh duweni jenis tembung Basa Krama Andhap. Kang duweni jenis **tembung Basa Krama Andhap iku cacahé sethithik banget**. Ing ngisor iki tuladha tembung-tembung kang duweni jenis tembung Basa Krama Andhap lan kang ora duweni jenis tembung Basa Krama Andhap.

Tembung Basa Ngoko	Tembung Basa Krama		
	Andhap	Madya	Inggil
teka	sowan	dhateng	rawuh
ngomong	matur	micanten	ngendika
aku	dalem	kula	kawula
kowe	-	sampean	panjenengan
lunga	-	kesah	tindak
balik	-	wangsul	kondur
meneng	-	mendel	mendel
Moni	-	mungel	mungel
menek	-	menek	menek
manjat	-	manjat	manjat
brisik	-	brisik	brisik

## TEMBUNG-TEMBUNG PENDUKUNG UNGGAH-UNGGUH BASA

### 1. Tuladha Jenis-Jenis tembung Kata Ganti Orang

Tembung Basa Ngoko	Tembung Krama Madya	Tembung Krama Inggil
aku	kula	kawula
dak-	kula	kawula
dheweke	piyambakipun	panjenenganipun
kok	sampeyan	panjenengan
kita	kita	kita
kowe	sampeyan	panjenengan
kowe kabeh	sampean sedaya	panjenengan sedaya
tek-	kula	kawula

### 2. Tuladha Jenis Tembungan-tembung Aktivitas

#### a. Tuladha Tembung Aktivitas (Tembung Kriya)

Tembung Basa Ngoko	Tembung Krama Madya	Tembung Krama Inggil
adus	adus	siram
aweh	suka	paring
bali	wangsul	kondur
bayar	bayar	bayar
crita	cariyos	cariyos
dhodhok	dhodhok	dhodhok
gawe	damel	damel
golek	pados	pados
guyu	gujeng	gujeng
jaga	jagi	reksa
jagong	lenggah	lenggah/ pinarak

jaluk	suwun	suwun
jinjit	jinjit	jinjit
jiyot	pendhet	pundhut
kandha	sanjang	ngendika
kongkon	kengken	utus/dhawuh
liwat	medal	miyos
lunga	kesah	tindak
maem	nedha	dhahar
mandeng	ningali	mriksani
mandheg	kendel	kendel
mangan	nedha	dhahar
mangkat	kesah	tindak
mbrangkang	mbrangkang	mbrangkang
mbuwang	mbucal	mbucal
menehi	nyukani	maringi
mikir	manah	menggali
mlaku	mlampah	tindak
mlayu	mlajar	mlajar
mlumpat	mlumpat	mlumpat
mudhun	mandhap	mandhap
nandur	nanem	nanem
nangis	nangis	muwun
ndeleng	ningali	mriksani
ngadeg	ngadeg	jumeneng
nganggo	ngangge	ngagem
ngimpi	ngimpi	nyipena
nginep	nyipeng	nyare
ngombe	nginum	ngunjuk
ngomong	sanjang	ngendika
ngundang	nimbali	ngaturi
nyekel	nyepeng	ngasta
tangi	tangi	wungu

teka	dhateng	rawuh
tilik	tuwi	tuwi
tuku	tumbas	mundhut
туру	tilem	sare
ulih	angsal	pareng
utang	nyambut	ngampil

### b. Tembung Aktivitas Perkecualian

Tembung-tembung ing ngisor iki ana sing mastani tembung kriya pembantu utawa jenis tembung kriya adjektiva, ananging sing jelas tembung-tembung iki statusse jenis tembung aktivitas. Mula kanggo wong liya (wong II utawa III) nggunakake Basa Krama Inggil.

No	Tembung Basa Ngoko	Tembung Krama Madya	Tembung Krama Inggil
1.	duwe	gadhah	kagungan
2.	gelem	purun	kersa
3.	krungu	mireng	midhanget
4.	mati	pejah	seda
5.	melu	tumut	ndherek
6.	ngerti	ngertos	pirsa
7.	slamet	slamet	wilujeng
8.	weruh	sumerep	priksa

Tuladha ukara-ukara kang nggunakake tembung-perkecualian ing dhuwur :

1. Yen aku gelem, apa panjenengan kersa Pak ?
2. Bapakku kagungan buku Kamus Basa Jawa.
3. Bapak midhanget pora ya?
4. Bapak pirsa pora ta?
5. Mau ana kabar yen Pak Budi wis seda.
6. Aku ora melu, apa panjenengan arep ndherek?



7. Apa Pak Budi tesih wilujeng, Pak?
8. Apa mau panjenengan priksa yen ing lapangan Sitiadi ana bal-balan?

### 3. Tuladha Jenis Tembung Kepemilikan

#### a. Tuladha Tembung-Tembung Kepemilikan Peranganing Awak

Tembung Basa Ngoko	Tembung Krama Madya	Tembung Krama Inggil
ati	manah	penggalih
awak	badan	salira
bathuk	bathuk	palারণan
pipi	pipi	pangarasan
dhadha	dhadha	jaja
dhengkul	dhengkul	jengku
driji	driji	racikan
endhas	sirah	mustaka
geger	geger	pengkeran
getih	rah	rah
gulu	gulu	jangga
ilat	ilat	lidhah
irung	irung	grana
kringet	kringet	riwe
kuping	kuping	talingan
lambe	lambe	lathi
luh	luh	waspa
mata	mripat	paningal/ soca
cangkem	cangkem	tutuk
rai	rai	pasuryan
rambut	rambut	rema/ rikma
sikil	suku	samparan
suwara	suwanten	suwanten

tangan	tangan	asta
untu	untu	waja
weteng	weteng	padharan

#### b. Tuladha Tembung-Tembung Saliyane Peranganing Awak

Tembung Basa Ngoko	Tembung Krama Madya	Tembung Krama Inggil
anak	anak	putra
batir	rencang	rencang
bojo	semah	garwa
celana	sruwal	lancingan
jeneng	nama	asma
kaca mata	kaca mripat	kaca paningal
klambi	rasukan	ageman
payung	payung	songsong
peci	peci	peci
pit	sepedha	sepedha
pit motor	sepedha motor	sepedha motor
pulpen	pulpen	pulpen
putu	putu	wayah
sandhal	sandhal	sandhal
sedulur	sedherek	sedherek
sepatu	sepatu	sepatu
tas	tas	tas
topi	topi	topi
umah	griya	dalem

#### 4. Tuladha Jenis Tembung-Tembung Liyane

Kang kalebu Jenis tembung-tembung liyane, yaiku: a. tembung wilangan, b. tembung kahanan, c. tembung katrangan, d. tembung panggandheng, e. tembung

panyambung, f. tembung panyeru, lan g. tembung aran tertemtu)

**a. Tembung Wilangan**

<b>Tembung Basa Ngoko</b>	<b>Tembung Krama Madya</b>	<b>Tembung Krama Inggil</b>
1	siji	setunggal
2	loro	kalih
3	telu	tiga
4	papat	sekawan
5	lima	gangsals
6	enem	enem
7	pitu	pitu
8	wolu	wolu
9	sanga	sanga
10	sepuluh	sedasa
11	sewelas	sewelas
12	rolas	kalihwelas
13	telulas	tigawelas
14	patbelas	kawanwelas
15	limolas	gangsalswelas
16	nembelas	nembelas
17	pitulas	pitulas
18	wolulas	wolulas
19	songolas	songolas
20	rongpuluh	kalihdasa
21	selikur	selikur
22	rolikur	kalihlikur
23	telulikur	tigalikur
24	patlikur	kawanlikur
25	selawe	selangkung
26	nemlikur	nemlikur
27	pitulikur	pitulikur
28	wolulikur	wolulikur
29	sangalikur	sangalikur
30	telungpuluh	tigang dasa
31	telung puluh ji	tigang dasa setunggal

32	telung puluh ro	tigang dasa kalih
33	telung puluh telu	tigang dasa tiga
34	telung puluh pat	tigang dasa sekawan
35	telung puluh lima	tigang dasa gangsal
36	telung puluh enem	tigang dasa enem
37	telung puluh pitu	tigang dasa pitu
38	telung puluh wolu	tigang dasa wolu
39	telung puluh sanga	tigang dasa sanga
40	patang puluh	kawan dasa
41	patang puluh ji	kawan dasa setunggal
42	patang puluh ro	kawan dasa kalih
43	patang puluh telu	kawan dasa tiga
44	patang puluh pat	kawan dasa sekawan
45	patang puluh lima	kawan dasa gangsal
46	patang puluh enem	kawan dasa nem
47	patang puluh pitu	kawan dasa pitu
48	patang puluh wolu	kawan dasa wolu
49	patang puluh sanga	kawan dasa sanga
50	seket	seket
51	seket ji	seket setunggal
52	seket ro	seket kalih
53	seket telu	seket tiga
54	seket pat	seket sekawan
55	seket lima	seket gangsal
56	seket nem	seket nem
57	seket pitu	seket pitu
58	seket wolu	seket wolu
59	seket sanga	seket sanga
60	sewidak	sewidak
61	sewidak ji	sewidak setunggal
62	sewidak ro	sewidak kalih

63	sewidak telu	sewidak tiga
64	sewidak pat	sewidak sekawan
65	sewidak lima	sewidak gangsal
66	sewidak nem	sewidak nem
67	sewidak pitu	sewidak pitu
68	sewidak wolu	sewidak wolu
69	sewidak sanga	sewidak sanga
70	pitung puluh	pitung dasa
71	pitung puluh ji	pitung dasa setunggal
72	pitung puluh ro	pitung dasakalih
73	pitung puluh telu	pitung dasatiga
74	pitung puluh pat	pitung dasasekawan
75	pitung puluh lima	pitung dasagangsal
76	pitung puluh nem	pitung dasanem
77	pitung puluh pitu	pitung dasapitu
78	pitung puluh wolu	pitung dasawolu
79	pitung puluh sanga	pitung dasasanga
80	wolung puluh	wolung dasa
81	wolung puluh ji	wolung dasasetunggal
82	wolung puluh ro	wolung dasakalih
83	wolung puluh telu	wolung dasatiga
84	wolung puluh pat	wolung dasasekawan
85	wolung puluh lima	wolung dasagangsal
86	wolung puluh nem	wolung dasanem
87	wolung puluh pitu	wolung dasapitu
88	wolung puluh wolu	wolung dasawolu
89	wolung puluh sanga	wolung dasasanga
90	sangang puluh	sangang dasa
91	sangang puluh ji	sangang dasasetunggal

92	sangang puluh ro	sangang dasakalih
93	sangang puluh telu	sangang dasatiga
94	sangang puluh pat	sangang dasasekawan
95	sangang puluh lima	sangang dasagangsal
96	sangang puluh nem	sangang dasanem
97	sangang puluh pitu	sangang dasapitu
98	sangang puluh wolu	sangang dasawolu
99	sangang puluh sanga	sangang dasasanga
100	satus	satus
101	satus ji	satus setunggal
102	satus ro	satus kalih
103	satus telu	satus tiga
104	satus pat	satus sekawan
105	satus lima	satus gangsal
106	satus nem	satus nem
107	satus pitu	satus pitu
108	satus wolu	satus wolu
109	satus sanga	satus sanga
110	satus sepuluh	satus sedasa
200	rongatus	kalihatatus
500	limangatus	gangsalatus
1.000	sewu	sewu
2.000	rongewu	kalihewu
5.000	limangewu	gangsalewu
10.000	sepuluhewu	sedasaewu
50.000	seketewu	seketewu
100.000	satusewu	satusewu
1.000.000	sejuta	sejuta
1.000.000.000	semilyar	semilyar

### b. Tuladha Tembung kahanan

Tembung kahanan iku cacache akeh ananging kang ditulis ing kene kang ana kosok balene supaya gampang disinaoni utawa diapalaken para siswa.

Tuladha Tembung Kosok Balen			
abot	= awrat	>< entheng	= entheng
adhem	= asrep	>< panas	= benter
adoh	= tebih	>< cedhak	= caket
akeh	= kathah	>< sethithik	= sekedhik
ala	= awon	>< apik	= sae
amba	= wiyar	>< ciut	= ciut
angel	= awrat	>< gampang	= gampang
anyar	= enggal	>< bodhol/lawas	= lawas
arang	= awis	>< kerep	= kerep
beda	= benten	>< padha	= sami
biyen	= riyin	>< siki	= sapunika
dhewek	= piyambak	>< bareng	= sareng
dhisit	= riyin	>< keru	= kantun
dhuwur	= inggil	>< endhep	= andhap
eling	= enget	>< kelalen/lali	= kesupen
elor	= eler	>< kidul	= kidul
esuk	= enjing	>< sore	= sonten
gedhe	= ageng	>< cilik	= alit
ireng	= cemeng	>< putih	= pethak
jaba	= jawi	>< jero	= lebet
jaluk	= suwun	>< aweh	= paring
kurang	= kirang	>< lewih	= langkung
larang	= awis	>< murah	= mirah
mati	= seda/pejah	>< urip	= gesang
menang	= menang	>< kalah	= kawon
pinggir	= pinggir	>< tengah	= tengah

pinter	= pinter	><	bodho	= bodho
salah	= lepat	><	bener	= leres
terang	= terang	><	udan	= jawah
tuwa	= sepuh	><	enom	= enem
wareg	= tuwuk	><	kencot/luwe	= kencot/ ngelih
wuragil	= warujuk	><	pembarep	= pembajeng
ngadeg	= jumeneng	><	lungguh	= lenggah

### c. Tuladha Tembung Katrangan

<b>Tembung Basa Ngoko</b>	<b>Tembung Krama Madya</b>	<b>Tembung Krama Inggil</b>
agi	saweg	saweg
aja	ampun	ampun
bengi	daluh	daluh
bisa	saged	saged
biyen	riyin	riyin
dadi	dados	dados
dina	dinten	dinten
entek	telas	telas
esuk	enjing	enjing
gelis	enggal	enggal
iki	punika	punika
iku	punika	punika
isin	lingsem	lingsem
iya	inggih	inggih
kabeh	sedaya	sedaya
kena	kenging	kenging
kira-kira	kinten-kinten	kinten-kinten
kuwe	punika	punika
lewih	langkung	langkung
mau	wau	wau
mengko	mangke	mangke
moni	mungel	mungel



obah	ewah	ewah
ora	boten	boten
rupa	rupi	rupi
rusak	risak	risak
seneng	remen	remen
sida	siyos	siyos
siki	sapunika	sapunika
taun	taun	warsa
tiba	dhawah	dhawah
udu	sanes	sanes
urung	dereng	dereng
uwis	sampun	sampun
wani	wantun	wantun
wektu	wekdal/ wanci	wekdal/ wanci
wulan	sasi	sasi

**d. Tuladha Tembung Panyambung, Panggandheng lan Panyeru**

<b>Tembung Basa Ngoko</b>	<b>Tembung Krama Madya</b>	<b>Tembung Krama Inggil</b>
yen	menawi	menawi
endi	pundi	pundi
ing	teng/wonten	teng/wonten
karo	kalih	kalih
lan	lan	lan
padha	sami	sami
sebab	sebab	sebab
sing	ing kang	ing kang
supaya	supados	supados
upama	upami	upami
yen/ menawa	menawi	menawi
aduh	aduh	aduh

wah	wah	wah
lho	lho	lho

- e. **Tembung Aran.** Tembung aran ana 2 jenis, yaiku: 1, Tembung aran kang asifat alami lan kang sifate papan panggonan.

**e.1: Tuladha Tembung-tembung Aran Kang Sifat Alami**

<b>Tembung Basa Ngoko</b>	<b>Tembung Krama Madya</b>	<b>Tembung Krama Inggil</b>
alas	wana	wana
banjir	beni	beni
banyu	toya	toya
angin	angin	maruta
bata	bata	bata
danau	danau	danau
godhong	ron	ron
gunung	redi	wukir
kali	lepen	lepen
kayu	kajeng	kajeng
kertas	kertas	kertas
langit	langit	gegana
lemah	siti	siti
plastik	plastik	plastik
sawah	sabin	sabin
segara	seganten	seganten
srengenge	srengenge	surya
tembok	tembok	tembok
udan	jawah	jawah
watu	sela	sela
wesi	tosan	tosan

**e.2 : Tuladha Tembung Aran kang asifat Papan Panggonan Umum/Duweke Pemerintah**

<b>Tembung Basa Ngoko</b>	<b>Tembung Krama Madya</b>	<b>Tembung Krama Inggil</b>
dalan	margi	margi
desa	dhusun	dhusun

kabupaten	kabupaten	kabupaten
lapangan	lapangan	lapangan
mesjid	mesjid	mesjid
pasar	peken	peken
sekolahan	sekolahan	pawiyatan

### 5. Tuladha Unggah – Ungguh Basa Kang Beda Antara Ngoko- Krama Madya Lan Krama Inggile

Tembung Basa Ngoko	Tembung Krama Madya	Tembung Krama Inggil
abang	abrit	abrit
adhi	adhi	rayi
ngadeg	ngadeg	jumeneng
adoh	tebih	tebih
adus	adus	siram
ambung	ambung	aras
anak	anak	putra
anggo	angge	agem
arep	ajeng	badhe
aweh	nyukani	maringi
ayo	mangga	sumangga
bali	wangsul	kondur
banyu	toya	toya
bapak	bapak	rama
(pem) barep	pembajeng	pembajeng
beras	wos	wos
biyen	riyin	riyin
bojo	semah	garwa
bener	leres	leres
buri	wingking	wingking
carita	cariyos	cariyos
cekel	cepeng	asta
omong	wicanten/ sanjang	ngendika
dadi	dados	dados
dalan	margi	margi
deleng	ningali	mriksani
dhewe	piyambak	piyambak

dhuwit	yatra	arta
dudu	sanes	sanes
gelem	purun	kersa
durung	dereng	dereng
duwe	gadhadh	kagungan
eling	eling	enget
endi	pundi	pundi
enteni	entos	entos
esuk	enjing	enjing
gawa	bekta	asta
gawe	damel	damel
gedhe	ageng	ageng
gelem	purun	kersa
gelis	enggal	enggal
godhong	ron	ron
golek	pados	pados
gugah	gigah	gigah
gula	gendhis	gendhis
guyu	gujung	gujung
ilang	ical	ical
inep	nyipeng	nyare
ireng	cemeng	cemeng
isa	saged	saged
iwak	ulam	ulam
iya	inggih	inggih
isin	isin	lingsem
jago	sawung	sawung
jaluk	suwun	suwun
jupuk	pendhet	pundhut
kabeh	sedaya	sedanten
kaca mata	kaca mripat	kaca tingal
kanggo	kangge	kagem
kandha	sanjang	ngendika
kayu	kajeng	kajeng
kelambi	rasukan	ageman
kira	kinten	kinten
kongkon	kengken	utus

krasan	kraos	kraos
krungu	mireng	midhanget
kuburan	kuburan	pasareyan
kurang	kirang	kirang
kuwat	kiyat	kiyat
kuwi	punika	punika
labuh	labet	labet
lagi	saweg	saweg
lair	lair	miyos
lali	supe	kalimengan
lanang	jaler	kakung
lara	sakit	gerah, gering
larang	awis	awis
layang	serat	nawala
lemah	siti	siti
lemu	lema	lema
liwat	miyos	miyos
lunga	kesah	tindak
lungguh	lenggah	pinarak/ lenggah
maca	maos	maos
maling	maling	pandung
mangan	nedha	dhahar
mangkat	bidhal, kesah	tindak, jengkar
marang	dhateng	dhateng
mati	pejah	seda/nilar donya
melu	tumut	ndherek
menyang	dhateng	dhateng
metu	medhal	miyos
mikir	manah	nggalih
mlaku	mlampah	tindak
mudhun	mandhap	mandhap
mulang	mucal	mucal
muni	mungel	mungel
murah	mirah	mirah
nandur	nanem	nanem
nangis	nangis	muwun
nom	nem	timur

ngadeg	ngadeg	jumeneng
nganggo	ngangge	ngagem
ngarep	ngajeng	ngarsa
ngenteni	ngentosi	ngentosi
ngimpi	ngimpi	nyupena
ngombe	nginum	ngunjuk
ngongkon	ngengken	ngutus
nyekel	nyepeng	ngasta
nyilih	nyambut	ngampil
nyritani	nyriosi	nyriosi
amba	wiyar	wiyar
obat	jampi	usada
oleh	angsal	pikantuk
ora	boten	boten
padha	sami	sami
panas	benter	benter
pangan	tedhan	dhaharan
pikir	manah	penggalih
pitik	ayam	ayam
putih	pethak	pethak
rada	radi	radi
rasa	raos	raos
rekasa	rekaos	rekaos
rupa	rupi	rupi
rusak	risak	risak
sedela	sekedhap	sekedhap
sedulur	sedherek	sedherek
salin	gantos	gantos
sapu	sapu	sapu
sega	sekul	sekul
segara	seganten	seganten
silih	sambut	ampil
suwe	dangu	dangu
takon	taken/tangled	nyuwun pirsu
tandha tangan	tandha tangan	tapak asta
tandur	tanem	tanem
tangi	tangi	wungu

teka	dugi, dhateng	rawuh
tiba	dhawah	dhawah
tilik	tuwi	tuwi
tuku	tumbas	mundhut
туру	tilem	sare
udan	jawah	jawah
undang	ngundang	ngaturi
urip	gesang	sugeng
utang	nyambut	ngampil
uyah	sarem	sarem
wadon	estri	estri
wani	wantun	wantun
waras	saras	waluya
watu	sela	sela
wayah	wanci	wanci
wayang	ringgit	ringgit
wedhus	menda	menda
wedi	ajrih	ajrih
wengi	daluh	daluh
weruh	sumerep	pirsa, priksa
wong	tiyang	tiyang
wutuh	wetah	wetah
yen	menawi	menawi

## 6. Tuladha Unggah-Ungguh Basa Kang Ajeg Ngoko-Krama Madya Lan Krama Inggile

Tembung Basa Ngoko	Tembung Krama Madya	Tembung Krama Inggil
alun	alun	alun
ambrol	ambrol	ambrol
andul-andul	andul-andul	andul-andul
anjrut	anjrut	anjrut
anteng	anteng	anteng
arit	arit	arit
asem	asem	asem
ayem	ayem	ayem
ban	ban	ban

bancikan	bancikan	bancikan
banting	banting	banting
batre	batre	batre
bendho	bendho	bendho
benik	benik	benik
biru	biru	biru
blarat	blarat	blarat
blebek	blebek	blebek
bledeg	bledeg	bledeg
blesek	blesek	blesek
blirik	blirik	blirik
blorok	blorok	blorok
blubuk	blubuk	blubuk
blusukan	blusukan	blusukan
bolong	bolong	bolong
bonceng	bonceng	bonceng
bongko	bongko	bongko
brangasan	brangasan	brangasan
brisik	brisik	brisik
bunder	bunder	bunder
byur	byur	byur
canthelan	canthelan	canthelan
cekikikan	cekikikan	cekikikan
cengar-cengir	cengar-cengir	cengar-cengir
ceret	ceret	ceret
cet	cet	cet
ciri	ciri	ciri
ciut	ciut	ciut
daging	daging	daging
der	der	der
dhawet	dhawet	dhawet
dopet	dopet	dopet
dor	dor	dor
emban	emban	emban
ember	ember	ember
enem	enem	enem
gagah	gagah	gagah



gandulan	gandulan	gandulan
garing	garing	garing
garis	garis	garis
gas	gas	gas
geang-geang	geang-geang	geang-geang
geblas	geblas	geblas
gebyur	gebyur	gebyur
gedebug	gedebug	gedebug
gedeg-gedeg	gedeg-gedeg	gedeg-gedeg
gejoh	gejoh	gejoh
gela-gelo	gela-gelo	gela-gelo
gelas	gelas	gelas
gemagus	gemagus	gemagus
gembeleng	gembeleng	gembeleng
gembes	gembes	gembes
gembol	gembol	gembol
gemeter	gemeter	gemeter
gendhong	gendhong	gendhong
genthoakan	genthoakan	genthoakan
gepeng	gepeng	gepeng
geseng	geseng	geseng
gethak	gethak	gethak
glundung	glundung	glundung
goreng	goreng	goreng
gorok	gorok	gorok
grobag	grobag	grobag
grujung	grujung	grujung
gubet	gubet	gubet
gubug	gubug	gubug
guling	guling	guling
gunting	gunting	gunting
icir-icir	icir-icir	icir-icir
idek	idek	idek
jaket	jaket	jaket
jambon	jambon	jambon
jebul	jebul	jebul
jedor	jedor	jedor

jegang	jegang	jegang
jegur	jegur	jegur
jepret	jepret	jepret
jewer	jewer	jewer
jinjit	jinjit	jinjit
jiwit	jiwit	jiwit
kabel	kabel	kabel
kاملeng	kاملeng	kاملeng
kancingan	kancingan	kancingan
kandel	kandel	kandel
kasur	kasur	kasur
kecemped	kecemped	kecemped
kecemplung	kecemplung	kecemplung
kecethit	kecethit	kecethit
kejedhod	kejedhod	kejedhod
kejepit	kejepit	kejepit
kejiret	kejiret	kejiret
kejungkel	kejungkel	kejungkel
Kelep	kelep	kelep
kemayu	kemayu	kemayu
kemlitha	kemlitha	kemlitha
kemulan	kemulan	kemulan
kenceng	kenceng	kenceng
kepengkok	kepengkok	kepengkok
kepenthung	kepenthung	kepenthung
keplak	keplak	keplak
kepleset	kepleset	kepleset
kerdus	kerdus	kerdus
kertas	kertas	kertas
kesabet	kesabet	kesabet
kesampyak	kesampyak	kesampyak
kesandung	kesandung	kesandung
Kesed	kesed	kesed
kesenggol	kesenggol	kesenggol
keslempit	keslempit	keslempit
kesleo	kesleo	kesleo
kesrempet	kesrempet	kesrempet

kesundhul	kesundhul	kesundhul
ketabrak	ketabrak	ketabrak
ketanggor	ketanggor	ketanggor
ketilep	ketilep	ketilep
kidul	kidul	kidul
klawu	klawu	klawu
klumah	klumah	klumah
kodi	kodi	kodi
kompor	kompor	kompor
kopi	kopi	kopi
kothak	kothak	kothak
kraket	kraket	kraket
kresek	kresek	kresek
krikil	krikil	krikil
krodak	krodak	krodak
krosak	krosak	krosak
kruwel	kruwel	kruwel
kulit	kulit	kulit
kunci	kunci	kunci
lembar	lembar	lembar
lempeng	lempeng	lempeng
lendhehan	lendhehan	lendhehan
lenjeh	lenjeh	lenjeh
lirih	lirih	lirih
listrik	listrik	listrik
longan	longan	longan
lungka	lungka	lungka
lurik	lurik	lurik
mabur	mabur	mabur
manga	manga	manga
mangar-mangar	mangar-mangar	mangar-mangar
manggut-manggut	manggut-manggut	manggut-manggut
mangkok	mangkok	mangkok
mangslup	mangslup	mangslup
manthuk-manthuk	manthuk-manthuk	manthuk-manthuk
mberek	mberek	mberek

mblubuki	mblubuki	mblubuki
mbrangkang	mbrangkang	mbrangkang
mbrobos	mbrobos	mbrobos
mecicil	mecicil	mecicil
mecucu	mecucu	mecucu
megal-megol	megal-megol	megal-megol
melotot	melotot	melotot
menceng	menceng	menceng
mencolot	mencolot	mencolot
mendelo	mendelo	mendelo
menek	menek	menek
menggok	menggok	menggok
mengkelung	mengkelung	mengkelung
mengkered	mengkered	mengkered
mengkureb	mengkureb	mengkureb
mengkureb	mengkureb	mengkureb
mentheleng	mentheleng	mentheleng
mester	mester	mester
methanhang	methanhang	methanhang
methentheng	methentheng	methentheng
methunthung	methunthung	methunthung
minger	minger	minger
mingkem	mingkem	mingkem
miring	miring	miring
mitayani	mitayani	mitayani
mlarat	mlarat	mlarat
mlengkong	mlengkong	mlengkong
mlengkung	mlengkung	mlengkung
mlengok	mlengok	mlengok
mlethek	mlethek	mlethek
Mlirik	mlirik	mlirik
mlumah	mlumah	mlumah
mlumah	mlumah	mlumah
mlumpat	mlumpat	mlumpat
montor	montor	montor
morong	morong	morong
mubeng	mubeng	mubeng

mumbul	mumbul	mumbul
murub	murub	murub
muthu	muthu	muthu
ndengar	ndengar	ndengar
ndhodhok	ndhodhok	ndhodhok
ndledheg	ndledheg	ndledheg
ndobleh	ndobleh	ndobleh
ndhodhok	ndhodhok	ndhodhok
ndongol	ndongol	ndongol
ngantuk	ngantuk	ngantuk
ngethapel	ngethapel	ngethapel
ngiwi-iwi	ngiwi-iwi	ngiwi-iwi
ngongsrong	ngongsrong	ngongsrong
ngruwel	ngruwel	ngruwel
njedor	njedor	njedor
njegur	njegur	njegur
njengat	njengat	njengat
njreginggis	njreginggis	njreginggis
njumbul	njumbul	njumbul
nyengir	nyengir	nyengir
nyered	nyered	nyered
nyleret	nyleret	nyleret
paceran	paceran	paceran
pacul	pacul	pacul
padon	padon	padon
pager	pager	pager
paku	paku	paku
pancal	pancal	pancal
parud	parud	parud
pating blarat	pating blarat	pating blarat
payon	payon	payon
pecah	pecah	pecah
pendhel	pendhel	pendhel
peso	peso	peso
peteng	peteng	peteng
pethakilan	pethakilan	pethakilan
pethatha-pethithi	pethatha-pethithi	pethatha-pethithi

piring	piring	piring
pitu	pitu	pitu
plenthing	plenthing	plenthing
pok	pok	pok
prau	prau	prau
pucuk	pucuk	pucuk
pulpen	pulpen	pulpen
radiyo	radiyo	radiyo
ramen	ramen	ramen
rapet	rapet	rapet
riyep-riyep	riyep-riyep	riyep-riyep
roda	roda	roda
rong	rong	rong
roti	roti	roti
rukuh	rukuh	rukuh
sabun	sabun	sabun
sak	sak	sak
saka	saka	saka
sanga	sanga	sanga
sapu	sapu	sapu
sawur	sawur	sawur
sedakep	sedakep	sedakep
sedeng	sedeng	sedeng
seket	seket	seket
selang	selang	selang
semangit	semangit	semangit
sendok	sendok	sendok
sepaton	sepaton	sepaton
sepur	sepur	sepur
serbed	serbed	serbed
seru	seru	seru
sesek	sesek	sesek
setengah	setengah	setengah
setip	setip	setip
sewidak	sewidak	sewidak
silem	silem	silem
silet	silet	silet

slentik	slentik	slentik
slibon	slibon	slibon
slindit	slindit	slindit
slonjor	slonjor	slonjor
slumbat	slumbat	slumbat
soklat	soklat	soklat
srandalan	srandalan	srandalan
sugih	sugih	sugih
sujudan	sujudan	sujudan
suled	suled	suled
sundul	sundul	sundul
surik	surik	surik
tabok	tabok	tabok
tabrak	tabrak	tabrak
tahu	tahu	tahu
tamplek	tamplek	tamplek
tang	tang	tang
taplak	taplak	taplak
tas	tas	tas
teh	the	the
tela	tela	tela
teles	teles	teles
tembok	tembok	tembok
tempe	tempe	tempe
tempel	tempel	tempel
tempiling	tempiling	tempiling
tendhang	tendhang	tendhang
tentrem	tentrem	tentrem
terang	terang	terang
thuthuk	thuthuk	thuthuk
tipis	tipis	tipis
tipis	tipis	tipis
tunggak	tunggak	tunggak
ujug-ujug	ujug-ujug	ujug-ujug
umpetan	umpetan	umpetan
unggang-unggang	unggang-unggang	unggang-unggang
wajan	wajan	wajan

wetan	wetan	wetan
wingi	wingi	wingi
wolu	wolu	wolu
wulu	wulu	wulu
wungu	wungu	wungu



## TULADHA LATIHAN SOAL

### BASa NGOKO DIGAWe BASa NGOKO ALUS

#### I. Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus

Unsur-unsur pokok unggah ungguh basa :

1. Kata ganti (KG)
2. Kata aktifitas (KA)
3. Kata kepemilikan (KP)

Jenis kata ganti orang iku ana 3 :

{	1. Orang I	: aku, ku	}	→	ajeg basa ngoko
{	2. Orang II	: kowe, mu	}	→	dadi Krama Inggil
{	3. Orang III	: Budi / jeneng wong	}		

Tuladha Basa Ngoko digawe Basa Ngoko Alus

Orang I	: aku	→	aku	lunga	umah
Orang II	: kowe	→	panjenengan	tindak	dalem
Orang III	: Budi (Jeneng wong)	→	budi	tindak	dalem
Jenis kata			KG (Kata Ganti)	KA (Kata Aktifitas)	KP (Kata kepemilikan)

Jenis tembung-tembung ing unggah ungguh basa ( jenis tembung kang digunakake ing basa Ngoko Alus)

Basa Ngoko	Basa Krama Madya	Basa Krama Inggil
kowe		panjenengan
aku		kawula


maem		dhahar
wingi		wingi
umah		dalem
sore		sonten
di-		dipun
weneh		paring
-i		-i
-e		-ipun
kulon		kilen
ing		teng
dhuwit		arta
marang		dhateng

Basa Ngoko Alus : Basa ngoko kang dicampur basa krama inggil (kata gantine, kata aktifitase, kata kepemilikane). Ater-ater (awalan) lan panambang (akhiran) ajeg basa ngoko.

Tuladha basa ngoko digawe basa ngoko alus :

1. Wingi sore aku maem ing umahmu.

Keterangan proses nggawe basa ngoko alus :




Dadine basa ngoko alus :

**Wingi sore aku maem ing dalem(e) panjenengan.**

2. Wingi sore Budi maem ing umahmu

Keterangan proses basa ngoko digawe basa ngoko alus :




Dadine Basa Ngoko Aluse

**Wingi sore Budi dhahar ing dalem(e) panjenengan.**

3. Wingi sore aku maem ing umahku

Keterangan proses nggawe basa ngoko alus :




Dadine Basa Ngoko Aluse

**Wingi sore aku maem ing umahku.**

4. Wingi sore kowe maem ing umahmu

Keterangan proses nggawe basa ngoko alus :




Dadine Basa Ngoko Aluse

**Wingi sore panjenengan dhahar ing dalem(e) panjenengan.**

5. Umahe Budi ing kulone umahku.


Keterangan proses Basa ngoko digawe basa ngoko alus :



Dadine Basa Ngoko Aluse

**Daleme Budi ing kulone umahku**

6. Aku diwenehi dhuwit maring Bu Dewi  
Keterangan proses Basa ngoko digawe basa ngoko alus:



Dadine Basa Ngoko Aluse  
**Aku diparingi dhuwit marang Bu Dewi**

## II. Basa Ngoko digawe Basa Krama Alus

Orang I	: aku		kula	Kesah	griya
Orang II	: kowe		panjenengan	Tindak	dalem
Orang III	: Budi (Jeneng wong)		Budi	Tindak	dalem
Jenis kata			KG (Kata Ganti)	KA (Kata Aktivitas)	KP (Kata kepemilikan)

Jenis tembung-tembung ing unggah ungguh basa ( jenis tembung kang digunakake ing basa Krama Alus)

<b>Basa Ngoko</b>	<b>Basa Krama Madya</b>	<b>Basa Krama Inggil</b>
	sampeyan	panjenengan
	kula	kawula
	nedha	dhahar
	wingi	wingi
	griya	dalem
	sonten	sonten
	di-	dipun-
	suka	paring
	-i	-i
	-ipun	-ipun
	kilen	kilen
	ing	teng
	arta	arta
	dhateng	dhateng

Basa Krama Alus : Basa Krama Madya kang dicampur basa krama inggil (kata gantine, kata aktifitas, kata kepemilikane). Ater-ater (awalan) lan panambang (akhiran) basa Krama Madya.


Jenis-jenis orang iku ana 3 :

- |                                       |                     |
|---------------------------------------|---------------------|
| { 1. Orang I : aku, ku }              | → dadi Krama Madya  |
| { 2. Orang II : kowe, mu }            | → ajeg Krama Inggil |
| { 3. Orang III : Budi / jeneng wong } |                     |

Tuladha Basa Ngoko Alus digawe Basa Krama Alus

1. Wingi sore aku maem ing dalem panjenengan.

Keterangan proses basa ngoko alus digawe basa krama alus :




Dadine basa  
krama alus :

**Wingi sonten kula nedha teng dalem(ipun) panjenengan.**

2. Wingi sore Budi dhahar ing dalem panjenengan.

Keterangan proses basa ngoko alus digawe alus :




Dadine Basa Krama Aluse

**Wingi sonten Budi dhahar teng dalem(ipun) panjenengan.**

3. Wingi sore aku maem ing umahku

Keterangan proses basa ngoko lugu digawe basa krama lugu:




Dadine Basa krama lugu

**Wingi sonten kula nedha teng griya kula.**

4. Wingi sore panjenengan dhahar ing dalem panjenengan.

Keterangan proses ngoko alus digawe basa krama alus :




Dadine basa krama aluse

**Wingi sonten panjenengan dhahar teng dalem(ipun) panjenengan.**



5. Daleme Budi ing kulone umahku.

Keterangan proses Basa ngoko Alus digawe basa ngoko alus :




Dadine Basa Krama Aluse:

**Dalemipun Budi teng kilenipun griya kula.**

6. Aku diparingi dhuwit marang Bu Dewi

Keterangan proses Basa ngoko Alus digawe basa ngoko alus:



Dadine Basa Ngoko Aluse

**Kula dipunparingi arta dhateng Bu Dewi.**

## TULADHA LATIHAN SOAL

- I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis !  
Ukara-ukara Basa Ngoko ing ngisor iki owahana dadi Basa Ngoko Alus !
1. Mau esuk Pak Tarno lunga menyang sawah.
  2. Siti maem roti ing umahku.
  3. Aku adus ing umahe Pak Camat.
  4. Tarno agi turu ing umahe Budi.
  5. Esuk-esuk Budi maem roti ing umahku.
  6. Wengi sore rikala kuwe lunga menyang umahku, Budi agi lunga menyang umahmu.
  7. Ngesuk Senen Budi arep maem ing umahmu.
  8. Apa biyen wektu udan deres kowe sida lunga menyang umahe Budi
  9. Apa kowe sida lunga menyang umahe Siti, wektu aku lunga menyang Karang Bolong?
  10. Wektu kowe karo bapakku lunga menyang Jakarta, aku agi lunga menyang Bali.
- II. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis !  
Ukara-ukara Basa Ngoko ing ngisor iki owahana dadi Basa Krama Alus !
1. Mau esuk Pak Tarno lunga menyang sawah.
  2. Siti maem roti ing umahku.
  3. Aku adus ing umahe Pak Camat.
  4. Aku agi turu ing ngumah.
  5. Esuk-esuk Budi maem roti ing umahku.
  6. Wengi sore rikala kowe lunga menyang umahku, Budi agi lunga menyang umahmu.
  7. Ngesuk Senen Budi arep maem ing umahmu.
  8. Apa biyen wektu udan deres kowe sida lunga menyang umahe Budi?

9. Apa kowe sida lunga menyang umahe Siti wektu aku lunga menyang Karang Bolong?
10. Rikala kowe karo bapaku lunga menyang Jakarta, aku agi lunga menyang Bali.

**Daftar tembung-tembung kang digunakake ukara-ukara ing dhuwur.**

<b>Tembung Basa Ngoko</b>	<b>Tembung Krama Madya</b>	<b>Tembung Krama Inggil</b>
adus	adus	siram
agi	saweg	saweg
aku	kula	kawula
bapak	bapak	rama
biyen	riyin	riyin
deres	deres	deres
-e	ipun	ipun
ing	teng	teng
jero	lebet	lebet
karo	kalih	kalih
kowe	sampeyan	panjenengan
-ku	kula	kawula
lunga	kesah	tindak
maem	nedha	dhahar
maring	dhateng	dhateng
-mu	sampeyan	panjenengan
roti	roti	roti
sawah	sabin	sabin
sore	sonten	sonten
turu	tilem	sare
udan	jawah	jawah
umah	griya	dalem
wektu	wekdal	wekdal
wingi	wingi	wingi
rikala	rikala	rikala

- I. Wangsulan Basa Ngoko Alus:
1. Mau esuk Pak Tarno **lunga** menyang sawah.  
Wangsulan : Mau esuk Pak Tarno **tindak** menyang sawah.
  2. Siti **maem** roti ing **umahku**.  
Wangsulan : Siti **dhahar** roti ing **umahku**.
  3. Aku adus ing **umahe** Pak Camat.  
Wangsulan : Aku adus ing **daleme** Pak Camat.
  4. Tarno agi **туру** ing **umahe** Budi.  
Wangsulan : Tarno agi **sare** ing **daleme** Budi.
  5. Esuk-esuk Budi **maem** roti ing **umahku**.  
Wangsulan : Esuk-esuk Budi **dhahar** roti ing **umahku**.
  6. Winge sore rikala **kowe lunga** menyang **umahku**, Budi agi **lunga** menyang **umahmu**.  
Wangsulan : Winge sore rikala **panjenengan tindak** menyang **umahku**, Budi agi **tindak** menyang **daleme panjenengan**.
  7. Ngesuk Senen Budi arep **maem** ing **umahmu**.  
Wangsulan : Ngesuk Senen Budi arep **dhahar** ing **daleme panjenengan**.
  8. Apa biyen wektu udan deres **kowe** sida **lunga** menyang **umahe** Budi.  
Wangsulan : Apa biyen wektu udan deres **panjenengan** sida **tindak** menyang **daleme** Budi.
  9. Apa kowe sida **lunga** menyang **umahe** Siti, wektu aku **lunga** menyang Karang Bolong?  
Wangsulan : Apa **panjenengan** sida **tindak** menyang **daleme** Siti, wektu aku **lunga** menyang Karang Bolong?
  10. Wektu **kowe** karo bapakku **lunga** menyang Jakarta, aku agi **lunga** maring Bali.  
Wangsulan : Wektu **Panjenengan** karo **bapakku tindak** menyang Jakarta, aku agi **lunga** maring Bali.

II. Wangsulan Basa Krama Alus:

1. Mau esuk Pak Tarno **lunga** menyang sawah.  
Wangsulan : Wau enjing Pak Tarno **tindak** dhateng sabin.
2. Siti **maem** roti ing **umahku**.  
Wangsulan : Siti **dhahar** roti teng **griya kula**.
3. Aku **adus** ing **umahe** Pak Camat.  
Wangsulan : Kulo **adus** teng **dalemipun** Pak Camat.
4. Aku agi **туру** ing ngumah.  
Wangsulan : Kula saweg **tilem** tengnggriya.
5. Esuk-esuk Budi **maem** roti ing **umahku**.  
Wangsulan : Enjing-enjing Budi **dhahar** roti teng **griya kula**.
6. Wingi sore rikala **kowe lunga** menyang **umahku**, Budi agi **lunga** menyang **umahmu**.  
Wangsulan : Wingi sonten rikala **panjenengan tindak** dhateng **griya kula**, Budi saweg **tindak** dhateng **dalem panjenengan**.
7. Ngesuk Senen Budi arep **maem** ing **umahmu**.  
Wangsulan : Ngenjing Senen Budi ajeng **dhahar** wonten **dalem panjenengan**.
8. Apa biyen wektu udan deres **kowe** sida **lunga** menyang **umahe** Budi?  
Wangsulan : Punapa riyin wekdal jawah deres **panjenengan** siyos **tindak** dhateng **dalemipun** Budi?
9. Apa **kowe** sida **lunga** menyang **umahe** Siti, wektu aku **lunga** menyang Karang Bolong?  
Wangsulan : Punapa **panjenengan** siyos **tindak** dhateng **dalemipun** Siti, wekdal kula **kesah** dhateng Karang Bolong?

10. Rikala **kowe** karo **bapakku lunga** menyang Jakarta, aku  
agi **lunga** menyang Bali.

Wangsulan : Rikala **panjenengan** kalih **bapak kulo**  
**tindak** dhateng Jakarta, kula saweg **kesah** dhateng Bali.

# *Tuladha Ukara-Ukara Basa Krama Alus Lan Basa Ngoko Alus*

- 1 Krama : Pak Lurah pirsu kula mlampah miyos kilen  
Alus dalemipun Pak Lurah.  
Ngoko : Pak Lurah pirsu aku mlaku liwat kulon  
Alus daleme Pak Lurah.  
Ngoko : Pak Lurah weruh aku mlaku liwat kulon  
umahe Pak Lurah.
- 2 Krama : Kula wau sumerep Pak Lurah tindak  
Alus miyos kilen griya kula.  
Ngoko : Aku mau weruh Pak Lurah tindak liwat  
Alus kulon umahku.  
Ngoko : Aku mau weruh Pak Lurah mlaku liwat  
kulon umahku.
- 3 Krama : Saniki kula ngangge agemanipun  
Alus panjenengan, ngenjang panjenengan  
ngagem rasukan kula  
Ngoko : Saiki aku nganggo agemane panjenengan,  
Alus ngesuk panjenengan ngagem klambiku.  
Ngoko : Saiki aku nganggo klambimu, ngesuk  
kowe nganggo klambiku.
- 4 Krama : Rudi ngagem rasukan kula, panjenengan  
Alus ngagem agemanipun Rudi, lan kula  
ngangge agemanipun Rudi.  
Ngoko : Rudi ngagem klambiku, panjenengan  
Alus ngagem agemane Rudi, lan aku nganggo  
agemane Rudi.  
Ngoko : Rudi nganggo klambiku, panjenengan  
nganggo klambine Rudi, lan aku nganggo  
klambine Rudi.
- 5 Krama : Kula ngangge rasukan kula, panjenengan

- Alus ngagem agemanipun panjenengan, Rudi ngagem agemanipun Rudi.
- Ngoko : Aku nganggo klambiku, panjenengan Alus ngagem agemane panjenengan, lan Rudi ngagem agemane Rudi.
- Ngoko : Aku nganggo klambiku, kowe nganggo klambimu, lan Rudi nganggo klambine Rudi.
- 6 Krama : Wingi kula nedha teng dalemipun Alus panjenengan, ngenjang panjenengan dhahar teng griya kula.
- Ngoko : Wingi aku maem ing dalemipun Alus panjenengan, ngesuk panjenengan dhahar ing umahku.
- Ngoko : Wingi aku maem ing umahmu, ngesuk kowe maem ing umahku.
- 7 Krama : Kula nedha teng griya kula, panjenengan Alus dhahar teng dalemipun panjenengan lan Rudi dhahar teng dalemipun Rudi.
- Ngoko : Aku maem ing umahku, panjenengan Alus dhahar ing daleme panjenengan lan rudi dhahar ing daleme Rudi.
- Ngoko : Aku maem ing umahku, kowe maem ing umahmu, lan Rudi maem ing umahe Rudi.
- 8 Krama : Saben enjing bapak kula kersa ngunjuk Alus unjukan kopi, ananging kula boten purun nginum kopi.
- Ngoko : Saben esuk bapakku kersa ngunjuk Alus unjukan kopi, ananging aku ora gelem ngombe kopi.
- Ngoko : Saben esuk bapakku gelem ngumbe wedang kopi, ananging aku ora gelem ngumbe kopi.
- 9 Krama : Menawi saniki panjenengan kersa sare Alus teng griya kula, ngenjang kula purun tilem teng dalemipun panjenengan.
- Ngoko : Yen saiki panjenengan kersa sare ing



- Alus : umahku, ngesuk aku gelem turu ing dalemipun panjenengan.
- Ngoko : Yen saiki kowe gelem turu ing umahku, ngesuk aku gelem turu ing umahmu.
- 10 Krama : Panjenengan midhanget kabar menawi  
Alus : kula sampun gadhah griya teng Dhusun Puring
- Ngoko : Panjenengan midhanget kabar yen aku  
Alus : wis duwe umah ing Dhusun Puring
- Ngoko : Kowe krungu kabar yen aku wis duwe  
umah ing Dhusun Puring
- 11 Krama : Kula mireng kabar menawi panjenengan  
Alus : sampun kagungan dalem teng Dhusun Puring
- Ngoko : Aku krungu kabar yen panjenengan wis  
Alus : kagungan dalem ing Desa Puring.
- Ngoko : Aku krungu kabar yen kowe wis duwe  
umah ing Desa Puring.
- 12 Krama : Simbah Dani saweg gerah sampun tigang  
Alus : dinten amargi dhawah, samparanipun kesandhung bata lan astanipun lecet.
- Ngoko : Simbah Dani agi gerah wis telung dina  
Alus : amarga tiba, sikile kesandhung bata lan tangane lecet.
- Ngoko : Simbah Dani agi mriyang wis telung dina  
amarga tiba, sikile kesandhung bata lan tangane lecet.
- 13 Krama : Wau enjing kula kesah Jakarta rikal  
Alus : panjenengan tesih sare dereng wungu.
- Ngoko : Mau esuk aku lunga Jakarta rikala  
Alus : panjenengan tesih sare durung wungu.
- Ngoko : Mau esuk aku lunga Jakarta rikala kowe  
tesih turu durung tangi.
- 14 Krama : Wau enjing panjenengan tindak Jakarta  
Alus : rikala kula tesih tilem dereng tangi.
- Ngoko : Mau esuk panjenengan tindak Jakarta  
Alus : rikala aku tesih turu durung tangi

- Ngoko : Mau esuk kowe lunga Jakarta rikala aku tesih turu durung tangi.
- 15 Krama : Wingi sonten kula sumerep panjenengan saweg jumeneng teng kilen dalemipun panjenengan.  
Alus
- Ngoko : Wingi sore aku weruh panjenengan agi jumeneng ing kulon daleme panjenengan.  
Alus
- Ngoko : Wingi sore aku weruh kowe agi ngadeg ing kulon umahmu.
- 16 Krama : Wingi sonten panjenengan pirsa kula saweg ngadeg teng kilen griya kula.  
Alus
- Ngoko : Wingi sore panjenengan pirsa aku agi ngadeg ing kulon umahku.  
Alus
- Ngoko : Wingi sore kowe weruh aku agi ngadeg ing kulon umahku.
- 17 Krama : Bapak kula wau boten midhanget rikala wonten pengumuman teng mesjid, nanging kula mireng jelas sanget pengumuman teng mesjid wau.  
Alus
- Ngoko : Bapakku mau ora midhanget rikala ana pengumuman ing mesjid, nanging aku krungu jelas banget pengumuman ing mesjid mau.  
Alus
- Ngoko : Bapakku mau ora krungu rikala ana pengumuman ing mesjid, nanging aku krungu jelas banget pengumuman ing mesjid mau.
- 18 Krama : Bu Ani menggali garwanipun ingkang dereng kondur-kondur teng Jakarta ngantos saluranipun kuru lan remanipun pethak.  
Alus
- Ngoko : Bu Ani menggali garwane sing durung kondur-kondur ing Jakarta nganti salirane kuru lan remane putih.  
Alus
- Ngoko : Bu Ani mikir bojone sing durung balik-balik ing Jakarta nganti awake gering lan rambute putih.

- 19 Krama : Margi-margi teng dhusun dereng sami  
 Alus dipun aspal.  
 Ngoko : Dalan-dalan ing desa durung padha  
 Alus diaspal  
 Ngoko : Dalan-dalan ing desa durung padha  
 diaspal
- 20 Krama : Wau enjing wonten tamu utusanipun Pak  
 Alus Lurah madosi ibu, ibu dipun aturi rawuh  
 dhateng kantor Bale desa.  
 Ngoko : Mau esuk ana tamu utusane Pak Lurah  
 Alus goleti ibu, ibu diaturi rawuh maring  
 kantor bale desa.  
 Ngoko : Mau esuk ana tamu kongkonane Pak  
 Lurah goleti ibu, ibu diundang teka maring  
 kantor bale desa.
- 21 Krama : Rencangipun bapak remanipun panjang  
 Alus sanget, saliranipun ageng inggil,  
 pasuryanipun bagus, palarapanipun sae  
 boten cunong, astanipun keker,  
 racikanipun ngagem sesupe,  
 pengkeranipun lempeng boten bungkuk  
 lan wajanipun pethak miji timun  
 penggalhipun sae boten sombong.  
 Ngoko : Kancane bapak remane dawa banget,  
 Alus salirane gedhe dhuwur, pasuryane bagus,  
 palarapane apik ora cunong, astane keker,  
 racikane ngagem sesupe, pengkerane  
 lempeng ora bungkuk, lan wajane pethak  
 miji timun, penggalihne sae ora sombong.  
 Ngoko : Kancane bapak rambute dawa banget,  
 awake gedhe dhuwur, raine bagus,  
 bathuke apik ora cunong, tangane keker,  
 drijine nganggo ali-ali, gegere lempeng ora  
 bungkuk, lan untune putih miji timun,  
 atine apik ora sombong.

- 22 Krama : Kula dipuntimbali ibu badhe dipun utus  
Alus tumbas kopi teng wande ngajeng punika.  
Ngoko : Aku ditimbali ibu arep diutus tuku kopi  
Alus ing warung ngarep kuwe.  
Ngoko : Aku ditimbali ibu arep dikongkong tuku  
kopi ing warung ngarep kuwe.
- 23 Krama : Dinten Ahad Pak RT dhawuhi  
Alus warganipun kerja bakti resesik teng margi  
ngajeng griyanipun.  
Ngoko : Dina Ahad Pak RT dhawuhi wargane kerja  
Alus bakti resesik ing dalan ngarep umahe  
Ngoko : Dina Ahad Pak RT kongkon wargane kerja  
bakti resesik ing dalan ngarep umahe
- 24 Krama : Nuwun sewu, ajeng nyuwun pirsu pak,  
Alus tembung “sabda tama” tegesipun punapa  
pak?  
Ngoko : Nuwun sewu, arep takon pak, tembung  
“sabda tama” tegese apa pak?
- 25 Krama : Nuwun sewu pak, menawi kepareng ajeng  
Alus ijin dhateng wingking pak  
Ngoko : Nuwun sewu pak, yen ulih arep ijin  
maring buri (WC) pak
- 26 Krama : Permisi pak, ajeng nyuwun pirsu papan  
Alus palenggahanipun Pak Budi wonten pundi  
pak?  
Ngoko : Permisi pak, arep njaluk pangerten papan  
panggonane ( tempat duduk) Pak Budi ing  
endi pak?
- 27 Krama : Nuwun sewu ajeng nyuwun pirsu ukara  
Alus camboran punika napa pak?  
Ngoko : Nuwun sewu, arep takon ukara camboran  
sih apa pak?
- 28 Krama : Nuwun sewu, ajeng matur pak, menawi  
Alus dinten setu ngenjang kula ajeng ijin boten  
mlebet sekolah amargi ajeng dherek ibu  
tindak Jakarta, punapa pareng Pak Guru?

- Ngoko : Nuwun sewu, arep ngomong pak, yen dina setu ngesuk aku arep ijin ora mlebu sekolah amarga arep melu ibu lunga Jakarta, apa ulih Pak guru?
- 29 Krama Alus : Permisi pak, menawi kepareng kula ajeng ngampil buku cetak matematika wonten perpustakaan sekolah.
- Ngoko : Permisi pak, yen ulih aku arep nyilih buku cetak matematika ing perpustakaan sekolah.
- 30 Krama Alus : Nuwun sewu pak, menawi kepareng kula ajeng nyuwun ngampil buku cetak Bahasa Jawa kagunganipun Pak Guru
- Ngoko : Nuwun sewu pak, yen ulih aku arep nyilih buku cetak Bahasa Jawa duweke Pak Guru.
- 31 Krama Alus : Permisi, ajeng tumbas buku gambar punapa wonten nggih?
- Ngoko : Permisi, arep tuku buku gambar apa ana ya?
- 32 Krama Alus : Permisi bu, menawi ajeng tumbas jajan teng koperasi punapa pareng nggih?
- Ngoko : Permisi bu, yen arep tuku jajan ing koperasi apa ulih ya?
- 33 Krama Alus : Nuwun sewu pak, menawi ajeng gantos rasukan wonten wingking punapa pareng nggih?
- Ngoko : Nuwun sewu pak, yen arep ganti klambi ing buri apa ulih ya?
- 34 Krama Alus : Nuwun sewu Bu Guru, ajeng nyuwun pirs menawi mangke lare-lare anggenipun kerja bakti lare jaler lan lare estri boten sareng punapa saged Bu?
- Ngoko : Nuwun sewu Bu Guru, arep takon menawa mengko bocah-bocah ulih kerja bakti bocah lanang lan bocah wadon ora bareng apa bisa Bu?

- 35 Krama : Nuwun sewu, ajeng nyuwun pirs  
Alus : mangke lare-lare anggenipun kerja bakti lare estri boten sareng kalih lare jaler punapa pareng nggih amargi lare jaler biasanipun nakal Bu?
- Ngoko : Nuwun sewu, arep takon mengko bocah-bocah ulih kerja bakti bocah wadon ora bareng karo bocah lanang apa bisa ya amarga bocah lanang biasane nakal Bu?
- 36 Krama : Bu Guru mangke anggenipun kerja bakti Alus : resik kelas punapa sami dipun paringi tugas mbekta alat-alat kebersihan saking griya punapa boten?
- Ngoko : Bu guru, mengko olehe arep kerja bakti resik kelas apa padha diwenahi tugas gawa alat-alt kebersihan seko umah apa ora?
- 37 Krama : Bapak kula saben enjing siram riya Alus : saderengipun tindak dhateng kantor.
- Ngoko : Bapakku saben esuk adus disit sedurunge mangkat maring kantor.
- 38 Krama : Kula saben enjing adus riya Alus : sederengipun kesah dhateng sekolah.
- Ngoko : Aku saben esuk adus disit sedurunge mangkat maring sekolah.
- 38 Krama : Ibu kula sampun kondur saking peken Alus : nitih sepedha motor.
- Ngoko : Ibuku wis balik saka pasar numpak pit motor.
- 39 Krama : Kula dipun ngendikani ibu menawi bapak Alus : saweg ngendika kula boten pareng dolanan piyambak kedah nggatosaken.
- Ngoko : Aku di ngendikani ibu yen bapak lagi ngendika aku ora ulih dolanan dhewek kudu nggatekaken.

- Ngoko : Aku dikandhani ibu yen bapak lagi ngomong aku ora ulih dolanan dhewek kudu nggatekaken.
- 40 Krama : Ibu kula asring ngendikani kula menawi  
Alus kula kedah sinau ingkang estu, supados saged dados lare ingkang pinter lan migunani tumrap nusa lan bangsa.
- Ngoko : Ibu kula kerep ngendikani aku yen aku  
Alus kudu sinau sing temenan, supaya bisa dadi bocah sing pinter lan migunani tumrap nusa bangsa.
- Ngoko : Ibu kula kerep ngandhani aku yen aku  
kudu sinau sing temenan, supaya bisa dadi bocah sing pinter lan migunani tumrap nusa bangsa.
- 41 Krama : Mbakyu kula asring ngendikani kula  
Alus menawi mbiyantu ibu resesik wonten dhapur kedah ikhlas boten pareng dresula punapa malih rewel.
- Ngoko : Mbakyuku kerep ngendikani aku yen  
Alus mbiyantu ibu resesik ing dhapur kudu ikhlas ora kena dresula apa maning rewel.
- Ngoko : Mbakyuku kerep ngandhani aku yen  
mbiyantu ibu resesik ing dhapur kudu ikhlas ora kena dresula apa maning rewel.
- 42 Krama : Mbakyu kula wingi sonten ngendikani  
Alus kula bilih menawi bapak utawi ibu saweg ngendika kula kedah mirengaken boten pareng micanten piyambak.
- Ngoko : Mbakyuku wingi sore ngendikani aku bilih  
Alus yen bapak utawa ibu lagi ngendhika aku kudu ngrungokna ora ulih ngomong dhewek.
- Ngoko : Mbakyuku wingi sore ngomongi aku bilih  
yeni bapak utawa ibu lagi ngomong aku kudu ngrungokna ora ulih ngomong dhewek.

- 43 Krama : Menawi wonten tiyang sepuh saweg  
Alus ngendika kula kedah mirengaken boten pareng dolanan piyambak.
- Ngoko : Manawa ana wong tuwa agi ngendika, aku  
Alus kudu ngrungokna ora ulih dolanan dhewek.
- Ngoko : Manawa ana wong tuwa agi ngomong, aku  
kudu ngrungokna ora ulih dolanan dhewek.
- 44 Krama : Wingi sonten kula dipunparingi arta  
Alus dhateng Pak Rudi, salajengipun kula nyukani jajan kangge putrane ingkang taksih alit
- Ngoko : Wingi sore aku diparingi dhuwit maring  
Alus Pak Rudi, sateruse aku aweh jajan kanggo putrane sing taksih cilik.
- Ngoko : Wingi sore aku diwenehi dhuwit maring  
Pak Rudi, sateruse aku aweh jajan kanggo putrane sing taksih cilik.
- 45 Krama : Dinten senen enjing ibu dherek bapak  
Alus tindak kantor, ananging kula boten tumut amargi kula saweg sakit.
- Ngoko : Dina senen esuk ibu dherek bapak tindak  
Alus kantor, ananging aku ora melu amarga aku lagi mriyang
- Ngoko : Dina senen esuk ibu melu bapak mangkat  
kantor, ananging aku ora melu amarga aku lagi mriyang
- 46 Krama : Assalamu'alaikum wr.wb  
Alus Nuwun sewu, ajeng ngaturaken uninga dhumateng sedaya rencang-rencang ingkang minulya. Bilih nembe-nembe kemawon Bapak Turino sampun kapundhut wonten ngarsa dalem Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Mugi-mugi nilar kanthi husnul khotimah, dipunngapunteni sedaya lepatipun lan dipuntampi sedaya



- amalipun. Amin  
 Lan mugu-mugu kaluwarga ingkang dipuntilar dipunparingi ketabahan lan keimanan. amin
- Ngoko : Assalamualikum wr.wb  
 Nuwun sewu, arep aweh kabar marang kabeh kanca-kanca kang mulya, bilih nembe-nembe bae Bapak Turino mati. Muga-muga matine husnul khotimah, dingapurani kabeh dosane lan ditampa kabeh amale. Amin  
 Lan muga-muga keluwarga sing ditinggal diwenehi ketabahan lan keimanan. amin
- 47 Krama : Mugu-mugu ibu Suratni sagatrah  
 Alus : dipunparingi kawilujengan lan gesang kanthi bagya mulya boten wonten pambengan setunggal punapa.
- Ngoko : Muga-muga ibu Suratni sekeluwarga diwenehi keslametan lan urip kanthi mulya bahagia ora ana alangan siji-sijia.

### **BASA KRAMA ANDHAP**

- 48 Krama : Sowan kula mriki ingkang sepisan ajeng  
 Andhap : silaturrahmi kaliyan bapak sakaluwarga. Salajengipun sowan kula mriki dipunutus Pak Parto ngaturi bapak tadarus teng dalemipun Pak Parto mangke ba'da isya. Nggih sampun, sedaya lepat kula nyuwun pangapunten.
- Ngoko : Tekaku mrene sing sepisan arep silaturrahmi karo bapak sekeluwarga. Seteruse tekaku mrene dikongkong Pak Parto ngundang bapak tadarus ing mahe Pak Parto mengko ba'da isya. Ya wis, kabeh luputku njaluk ngapura.

- 49 Krama : Nuwun sewu, kepareng matur, sowan kula  
 Andhap : mriki menawi kapareng ajeng nyuwun ngampil sepedha motor kagunganipun Bapak ajeng kangge kesah dhateng Kebumen mangke sonten.
- Ngoko : Nuwun sewu, arep ngomong tekaku mreng yèn ulih arep nyilih pit motor duweke bapak arep kanggo lunga mring kebumen mengko sore.
- 50 Krama : Nuwun sewu pak, mangke sonten kula  
 Andhap : ajeng sowan teng dalemipun bapak, bapak badhe wonten acara tindakan punapa boten nggih?
- Ngoko : Nuwun sewu pak, mengko sore aku arep teka ing umahe bapak, bapak arep ana acara lunga apa ora ya?

## DHAPTAR PUSTAKA

- Anawati, Onie. 2010. *Ben weruh Basa Jawa*. Surabaya: Bintang Usaha Jaya.
- Atmodjo, Prawiro S. 1985. *Bausastra Jawa Jilid I*. Jakarta: PT. Gunung Agung.
- \_\_\_\_\_ 1985. *Bausastra Jawa Jilid II*. Jakarta: PT Gunung Agung.
- Daryanto. 2010. *Canggih Bahasa Jawa*. Klaten. CV Gema Nusa.
- Kementrian Pendidikan Nasional. 2011. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin Yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta.
- Misdiyanto, dkk. 2018. *Pandhawa Penuntun Wedharan Basa Jawa*. Kebumen: CV Anugerah Utama.
- Nugroho,K. 1995. *Kamus Jawa-Indonesia*. Solo: CV Buana Raya.
- Nuraini. 2012. *Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Lingkar Media.
- Padmosoekotjo, S. 1956. *Ngengrengan Kasusastran Jawa Jilid I*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.
- \_\_\_\_\_ 1956. *Ngengrengan Kasusastran Jawa Jilid II*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: Wolter's Uitgever Maatschappij N.V. Groningen.
- Priyantono dan Sawukir. 2015. *Marsudi Basa lan Sastra Jawa*. Jakarta: Erlangga.
- Soedjono, dkk. 1996. *Warsita Basa*. Klaten: PT Intan Pariwara
- Yatmana, Sudi dan Suliyanto. 2016. *Padha Bisa Basa Jawa*. Jakarta Timur: Yudhistira.

# ***BIOGRAFI***

**PUGUH ISMAIL, S.Pd.**



Setelah menempuh studi di SPG Negeri Kebumen tahun 1988, melanjutkan kuliah di IKIP Yogyakarta, mengambil jurusan Pendidikan Bahasa Jawa sampai dengan lulus, diwisuda pada tahun 1997. Kemudian awal tahun 1998 lolos seleksi penjarangan CPNS, diangkat menjadi PNS sebagai Guru di SMP Negeri 3 Kalibening Kabupaten

Banjarnegara.

Tahun 2004 mutasi / pindah tugas menjadi guru di SMPN 4 Kalibening Banjarnegara, tahun 2007 pindah tugas mengajar di SMP Negeri 4 Purwanegara Banjarnegara. dan di awal tahun 2013 pindah tugas mengajar di SMP Negeri 1 Puring Kabupaten Kebumen dan mendapat tugas rangkap mengajar di SMP Negeri 2 Buayan, Kebumen sampai dengan tahun 2015. Semenjak tahun 2015 sampai sekarang menjadi guru tetap di SMP Negeri 1 Puring Kabupaten Kebumen, dan bertempat tinggal di Desa Arjowinangun, kecamatan Puring, kabupaten Kebumen, Jawa Tengah.